Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

Литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал



Лъукъун араб ритIучIалъ мугIрузул хер кунаро,
Керен лъукъарав дида кванил лазат лъаларо .
ЧIАНКIА

2/2026
март - апрель







# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана**
**1952 соналда**
**Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**«Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”»**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**2**

**2026**

**март - апрель**

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО:

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

**ХIамзат ГIизудинов.** ЧIанкIал асарал – гIасруялъул нугIзал ................................3

## ЧIАНКIА ХIЕЖАЛЪУЛ НУХДА ДИЙ КУМЕКАЛЪЕ ВУГО

**МухIамад АхIмадов.** ЧIанкIаги МахIмудги..........................................................4

## БАКЬАГЬЕЧIИСА ЧIАНКIАЦА 160 СОН ТIУБАЯЛДЕ

**ГъазимухIамад ГъалбацIов.** Дунялалъул къоял къварид риччазин.......................13
Рокьул кучIдул...............................................................................................18
ТIалхIатиде...................................................................................................31
Халкъалъухъе щвана.......................................................................................34
Гъудулалде хехаб кагъат..................................................................................40
ГIенеккея, ахIбабал.........................................................................................42
ТIинай жо......................................................................................................48
Щобазул гIанса...............................................................................................54
Лъукъараб ритIучI...........................................................................................59
Аминатихъе...................................................................................................63
Чанги духъ угьдилей дунги йикIана....................................................................67
Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин.........................................................69
МагIаби.........................................................................................................70
Инквачилав хвеялде........................................................................................70
ГIолилазул магIдан чIунтарабилан.....................................................................74
ГIурусазул ва япониязул рагъ............................................................................79
СайгидулбатIалиде...........................................................................................80
ГIашилтIаса КъурбангIалиде...............................................................................83
**БакьагьечIиса ЧIанкIа.** ГIараб мацIалда хъварал кучIдул.................................90

## НУСАБГО САНАЛДА САБАБАЛ РАРАЙ

**АхIмадзиявдинил ТIагьир**.ЧIанкIа ЧIикIав..........................................................93

## ДИРГО РАКI ТIУН АРАБ ТIАВУС БИХЬИЗЕ

**БакьагьечIиса ЧIанкIа.** ТIаде магIарухъе яхине анищ!.......................................94

---

*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**ДРУЖБА №2 2026 г.**
*На аварском языке*

Подписано в печать 31.03.2026 г.
Выход в свет 15.04.2026 г.
Печать офсетная. Бумага офсетная. Формат 70х108 1/16
Усл. печ. л. 8,75. Усл. изд. л. 7,16. Физ .печ.л. 6
Тираж 535 экз. Заказ № 1775. Цена свободная.

**Редакция:** «Редакция республиканских литературных журналов “Соколёнок” и “Литературный Дагестан”».
**Адрес редакции:** 367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.
**e-mail:** litdag@mail.ru, **сайт:** litdag.ru; **tg:** litdag; **vk:** litdag

**Издатель:** ГБУ РД «Этномедиахолдинг “Дагестан”»
**Адрес издателя:** 367018, г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 1-а.

Отпечатано в ООО «Издательство «Лотос»», 367018, РД, г. Махачкала, ул. Времена года, 6.

# Редакторасул калам

### ЧIАНКIАЛ АСАРАЛ – ГIАСРУЯЛЪУЛ НУГIЗАЛ

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Исана Дагъистаналда кIодо гьабулеб буго БакьайчIиса (БакьагьечIиса) ЧIанкIаца 160 сон тIубаялъул юбилей. МагIарулазул, Дагъистаналъул, адабияталда жаниб, ЧIанкIаца (Тажудиница) ккола кIудияб бакI.

ЧIанкIал рокьул асарал нилъер халкъалда гьоркьор цIакъго машгьурал руго. «Лъукъун араб ритIучIалъ мугIрузул хер кунаро, керен лъукъарав дида кванил лазат лъаларо». Кинав магIаруласда рагIичIел гьел рагIаби. Гьеб буго лъилниги рекIелъа ине рес гьечIеб, камилаб сипат, рокьи ккарав чиясул хIал бихьизабулеб сурат.

Лирикиял гурелги, тарихиял, эпикиял асаралги руго ЧIанкIал рухIияб ирсалъулъ. Нилъехъе щварал гьединал асаразда гьорлъ хасаб бакI ккола «СайгидулбатIалиде» абураб поэмаялъ. Гьеб ккола 1904–1905 соназда букIараб ГIурус-япониязул рагъда къадаралде щварав магIаруласул къисмат бихьизабулеб асар.

Мунагьал чураяв МухIамад АхIмадовас хъвана «ЧIанкIаги МахIмудги» абураб поэма. Гьелда жанир руго гьадинал мухъал:

**…Гьел рухIарал кучIдузул**
**Канлъи бачIуна дихъе,**
**МухъгIаги тIаде жубай**
**Жакъасев шагIирилан.**

**Дица къалмида буго**
**Къояз, сардаз гьарулеб,**
**Гьардарав БетIергьанас**
**РитIухъ гьабегийин мун.**

**МахIмудилги ЧIанкIалги**
**ЧIагояб гьунаралъул**
**Гьениб тIанкI батанани,**
**ТIад вугев, Дуе реццин!**

**ЧIанкIа хIежалъул нухда**
**Дий кумекалъе вуго,**
**МахIмудги рокьул щобда,**
**Щуб гIадин, вацIцIад вуго…**

Баркула миллатцоязда БакьайчIиса (БакьагьечIиса) ЧIанкIаца 160 сон тIубай! Биччанте аза-азар соназ цIунун хутIизе гьесул асарал ва гьел асарал угьараб нилъер гIагараб рахьдал мацI!

# ЧIанкIа хIежалъул нухда дий кумекалъе вуго



**МухIамад АХIМАДОВ**

**ЧIАНКIАГИ МАХIМУДГИ**

**БетIер чарлъун буго,**
**Черх чIунтун буго,**
**Чан къо балеб дуца**
**Гъанжеялдаса?**
**КIкIарадул кваркьилъун**
**ХIисаб гьабичIеб,**
**ЧIунтаяб дунялалъ**
**Нилъ гуккулел куц!**

*Инхоса ГIали-ХIажи*

**1.**

**ЧIанкIа хIежалде ине**
**ХIадурлъулев вукIана.**
**РекIел кIутIи сорона,**
**КIутIбуз рагIи угьана:**
**- Гьаб панадуниялалъ**
**Пана гьавун ватана,**
**Батарабги тарабги**
**Тохлъиялде сверана.**

**Дица рокьул шигIраби,**
**ГIинги кьурун, реххана,**

**Рохалил сухIматазулъ**
**СихIкъотIидул тIанкI лъуна.**
**Назмабазе зодил ракI**
**БукIун буго къваригIун,**
**Араб гIумрудул магIна**
**МагIлъун рекIеда къана.**

**Гулишатил беразул**
**Гуллица лъукъараб ракI**
**БукIун буго гIадада**
**ГIадатлъиялъ гьалдолеб.**
**Гьардезе кколев цохIо**
**БетIергьан вугев лъалев**
**ЧIанкIагицин гуккараб**
**Ккараб бакI щиб гьаб дунял!**

**ЧIанкIа пикрабалъ вуго -**
**Бальголъи гъугъадула.**
**Гъунибе балеб горо -**
**Гирулеб рокьул магIу.**
**ЧIанкIал чIаголъиги чIван,**
**ЧIалгIеналъ чIчIел босана,**
**Сон букIараб бакIлъана,**
**БакIалдаса вортана.**

**Бакъназулъ бакъ лъугIичIев**
**БакьагьечIиса ЧIанкIа**
**ЛъугIулеб гIумруялъул**
**ГIурул рагIалда вуго.**
**ГIолохъанго херлъарав**
**Лъалев магIарул шагIир,**
**ГIишкъудул къулгIаги къун,**
**Къулун вуго, квеш вуго.**

**Гьелда тIаде кьолбольги**
**КьогIаб цо хабар буго,**
**ХабарчагIаз баччулеб,**
**Бичизе годекIаниб:**
**Гьалда бичIчIулеб гьечIо**
**ГьечIилан тараб рокьи,**
**Къадруялда хъварабго,**
**ХьегIилъун лъугьана гьеб.**

**ЧIанкIаца чIахIахатIалъ**
**ХутIулеб цIар хъван тана,**
**ЧIиникIалъ хер кинигин,**
**Харбал гьас рецун рана:**
**Реццги гьасул чIухIараб,**
**ХIурматги хIур хъвалареб,**
**РухIалъул хIухьелалъул**
**ХIурупаца угьараб.**

**2.**

**Гьаб магIарул ракьалда**
**Рокьул шагIир вукIинчIо,**
**БакьагьечIиб ЧIанкIаца**
**ЧIчIвабзазда кIутIизегIан.**
**КIибекаяб дуниял**
**Данде билълъинчIеб гьасда,**
**Данде рекерун щола**
**ШигIрабазе рагIаби.**

**ЧIанкIал чIчIвабзаз тIоцебе**
**ТIамуна гIишкъул бакъан,**
**Бакъ зодоб лъалхъуледухъ,**
**Лъар нахъбуссун унедухъ,**
**Гьас чияр цIаразецин**
**ЦIваби рокьул ракана,**
**Каранда гIищкъуялъул**
**Къудратаб цIа цIунана.**

**Рокьуца чIварав ЧIанкIа**
**ЧIаго вуго жегиги,**
**ЧIагIдал гIорто реххарал**
**Хиялал хвана гьесул.**
**Суал-ишарабаца**
**Ишан босулеб буго,**
**Жаваб жагьиллъиялда**
**Данде багъулеб буго.**

**Дунялалъ кьурал дарсал**
**Сабуралде сверана,**
**Свериго къисматалъул**
**Къисас босулеб щвана.**

ЩвантIихалъул гьаракьлъун
Къун букIараб рокьул кечI
ГьечIо гьанже, сасана,
Саназ хабалъ букъана.

Амма чIамучIаб рагIи
ЧIанкIал кIалдисан инчIо,
ЧIамчIамалъухъ хисулеб
Сарин гьасул букIинчIо.
ЧIанкIал шигIрудул хуриб
ЧIар кидаго бижичIо,
ЧIаразе кколебщинаб
Гьас рекIелъго чIарана.

Халкъалъул шагIир ЧIанкIа
ЧIвалев вуго хиялаз,
Хирияллъун рукIарал
Хилиплъана гьасие…
Гьав къилбаялъул цIваялъ
ЩIалев вуго рикIкIаде,
РекIее хIажат буго
ХIежалде вачунеб нух.

Дунял кодоса бортун,
Батуларо чIезе бакI,
БукIинеселъ ахIула
ХIикматал зобалазде…
Гьаниб ракьалъул гIумру
Бакьулъецин щвелалде,
БакьагьечIиса ЧIанкIа
Ахиралде щун вуго.

3.

ЧIанкIа рагъида вуго,
Рагъ пикрабазулъ буго,
РакIалде щолев вуго
ХъахIабросулъа МахIмуд.
ХIежалде хIадурлъулев
ЧIанкIал цIодорал гIундуз
ГIумруялде лъугьунев
МахIмудил кечI бищула.

ЧIанкIада лъикIго лъала
МахIмуд батIияв вукIин,

**БитІараб бицанани,
Биценлъун лъугьун вукІин.
Дос михъал кьурулелъул,
Кьурдулеб буго рокьи,
Ракьалъул сухъмахъазда
СагІат буго МахІмудил.**

**ВачІунелъул, рилълъиницин
Кьурдухъанасул буго,
Кьурда тІогьол гІадинаб,
ТІокІаб берцинлъи буго.
КочІодагун рокьуда
Рокьобцин гьоркьоб гьечІо.
КечІги рокьиги цолъун,
Цо лъугьун ругин ккола.**

**ЧІанкІа балъго гьимула,
Гьудуласдаса чІухІун,
ЖахІда цонигиясул
Цололъегицин баккичІо.
МахІмудица ЧІанкІада
МугІалимин абула,
Гьелъул магІарулазе
МагІна кІудияб буго.**

**ГІолохъанго херлъарав
Хвел гьечІев мугІрул шагІир
МахІмудил хиялаца
Хинлъизе гьавун вуго.
Метер къватІив вахъине
КъачІалев вуго ЧІанкІа,
РакІалде щолев вуго
ХъахІабросулъа МахІмуд.**

**Гьеб лахІзаталъ ЧІанкІада
Чинхъи чІвана цо рахъалъ.
Вахъана тІаде шагІир -
Вихьана гьесда МахІмуд.
Гьев хІурул нухаздасан
Лъелго вачІунев вуго,
ЧІанкІал рукъалъул кІалтІу
КІалгІалъул гьесий буго.**

**- Салам, ЧIанкIа, рекIеца**
**Духъе ахIана жакъа,**
**Къаси кьижизе кIвечIо,**
**ЧIалгIеналъ макьу течIо,**
**Цо балъгояб гьаракьалъ**
**Кьуна буйрухъ - вахъайин,**
**ХъахIабросулъа МахIмуд,**
**ЧIанкIахъе гIедегIейин.**

**-ВагIалайкуму салам,**
**ХъахIарабросулъа МахIмуд,**
**АхIи балеб букIана**
**Дир ракIги – МахIмудилан.**
**Дунги хIежалде ине**
**ХIадурлъулев вукIана…**
**ХIужра рокъове ана**
**ЧIанкIа МахIмудгун цадахъ.**

**4.**

**Гьел кIиязго харбида**
**КIигогIан сагIат бана,**
**Цоцазе бицаралъул**
**Биценцин хутIун гьечIо.**
**МахIмуд гуллица чIвана,**
**ЧIанкIа хIежалда хвана,**
**Гьез цоцазе бицараб**
**Хабар балъго хутIана.**

**Дида ккола, ЧIанкIаца**
**МахIмудида абунин,**
**Пайда гьечIеб дунялалъ**
**Паналъизеги гьарун,**
**Гьунаралъе нилъеца**
**ГIемер гIакъуба кьунин,**
**ГIакъиллъизе мех щванин,**
**Щолев вихьулин чапар.**

**БетIергьан тIад вугевлъи**
**Лъалев кIиго шагIирас,**
**ШигIраби, Къилба кIочон,**
**Къосун тезе рес гьечIин.**
**Бисмиллагь бахъун, хъварал**
**Рокьул кучIдулги кIочон,**

**Руссун лъикI Аллагьасде,**
**Аварагасул нух ккун.**

**КIалдиб, рокьул гурони,**
**МацI гьечIев МахIмудида,**
**Дида ккола, ЧIанкIаца**
**Гьединан абунилан,**
**Мун витIарав вугилан**
**ТIад МахIмудги рекъанин.**

**ЧIанкIа хIежалде индал,**
**МахIмудилги хасият**
**Хисараблъи лъачIесда**
**Лъаларо кIиго шагIир.**
**КIиялго гьел рукIана**
**РакI цогоял шагIирал,**
**КIиялго гьел рукIана**
**БакI цогоял гIалимал.**

**ГIараб мацIалъул къулгIа**
**Къеч буссине гьекъарал,**
**Къарнабазул зобазда**
**Дандерижи цIунарал,**
**Рижараб къоялдаса**
**Къуръаналъ къуват кьурал,**
**Къудратав БетIергьанас**
**БатIияб гьунар кьурал.**

**Гьунар кьурасул гьаракь**
**Рокьул кучIдулъ жемарал.**
**ЖахIда лъачIел, ццин лъачIел,**
**Цоцаздаса роххарал.**
**Рорхатал мугIрул гIадал,**
**МугIрузул тIогьал гIадал.**
**Хвел гьечIелллъун хутIарал,**
**ХатI цIвабзазул босарал.**

**КIиявго мугIрул шагIир,**
**МоцIги бакъги гIадинал,**
**ГIадамазе хириял,**
**ГIадамалги хириял.**

**КIиявго мугIрул шагIир,**
**ШигIрабаз вацлъи кьурал,**
**Реццалъ бецц гьаричIого,**
**Берцинлъи борцун чIчIарал.**

**ЧIанкIа хвана хIежалда,**
**МахIмудихъе кверги кьун,**
**Кьурабазул ракьалде**
**Рокьул зобалги гьурщун.**
**МахIмудги щапун ана**
**Даимлъидул болъоде,**
**Ракьалъул гIумруялде**
**Жавабги рокьулъ бахчун.**

**…РакIалде щвана дида**
**МагIарул росдал азбар,**
**Азарго нагIана кьун,**
**Гьенир рухIарал кучIдул.**
**РакIчIола, гьел рукIинчIо**
**МахIмудил рокьул кучIдул,**
**Доб цIадуца рухIана**
**РухIиял досул кучIдул.**

**ЧIанкIай гьабураб назру**
**Назмабаздеги сверун,**
**Низамалда сокIкIарал**
**Асарал рукIана гьел.**
**РекIел кIутIи, нагIлъилъун**
**РагIабаца къачIарал,**
**ВагIзабигун туркаби,**
**НасихIатал, мавлидал.**

**Гьеб гьедин букIараблъи**
**МахIмудица бицана:**
**Бицуна гьесул магIу**
**Чвахханин гьеб лахIзаталъ.**
**ЯхIалда чIун вукIарав**
**ЧIанкIал гьудул гIоданин,**
**ГIадаллъиялъ босулеб**
**Къисас бихьараб мехалъ.**

**МахIмудица рокьул кечI**
**КочIохъабахъе кьуна,**
**Кьурабазул ракьалда**

Дандерижилъун чIезе.
Зодил дандерижиял
Данде гьарун рукIана,
Гьардарав БетIергьанас
Тавбу къабул гьабизе.

РакIчIола, ЧIанкIал гьари
Гьединаб букIараблъи,
Гьедиги, динги, какги
Каранда хутIараблъи.
Гьел рухIарал кучIдузул
Канлъи бачIуна дихъе,
МухъгIаги тIаде жубай
Жакъасев шагIирилан.

Дица къалмида буго
Къояз, сардаз гьарулеб,
Гьардарав БетIергьанас
РитIухъ гьабегийин мун.
МахIмудилги ЧIанкIалги
ЧIагояб гьунаралъул
Гьениб тIанкI батанани,
ТIад вугев, Дуе рецщин!

ЧIанкIа хIежалъул нухда
Дий кумекалъе вуго,
МахIмудги рокьул щобда,
Щуб гIадин, вацIцIад вуго…

… Как ахIулеб рагIула,
КечI ахIулеб рагIула,
Какги кечIги цолъараб
Цо лахIзат хIажат буго.



# БакъагъечIиса ЧIанкIаца 160 сон тIубаялде



**ГъазимухIамад
ГЪАЛБАЦIОВ**

## ДУНЯЛАЛЪУЛ КЪОЯЛ КЪВАРИД РИЧЧАЗИН

Гьаб тIехьалда лъун бугеб сурат ЧIанкIал гуро. ЧIанкIал сурат букIинчIо ва гьечIо. Гьаб сурат ккола БакъагъечIиса Хажил ГIалица художникас, ЧIанкIал гIагарлъиялъул нахъе хутIарал гIадамазухъ валагьун, гьадинал берал рукIанин, гьадасулалда релълъараб борхатаб нодо букIанин бицун, гьеб хIисабалде босун, гьабураб сурат.

ХIакъикъаталдаги ЧIанкIа вукIун вуго берцинав, ворхатав цо гIажаибаб дангъва гьурмада бугев чи. ТIарцIаб мегеж, борхатаб нодо, чIахIиял, рекIелъе лъугьунел берал. Щибаб рагъа-рашари букIун буго гIодобе биччараб, валимахIаб. Гьаракь букIун буго кигIан хъачIаб рагIиги тамах гьабулеб, амма цо хасаб ракIчIей жиндилъ бугеб, мухIканаб, жиндиего хасаб къвакIи гъорлъ бугеб. Киназго бицуна гьесул рилълъиналъул: тIадагьаб, ракIчIараб, къартIаб. Заманалъе дунялалде вачIун вукIинги бичIчIулев, амма гьелъукьаги хIинкъуларев чиясул букIуна гьединаб рилълъин.

ЧIанкIалъ букIараб къартIалда, цо къвакIиялда цадахъго букIун буго хIалимлъиги, тамахлъиги. Бицен буго, ургъунго, ЧIанкIа вачIинев вугилан рагIун, гьев вихьизе гIоло рачIунел ракIаралила Хундерил базаралде гIадамал. ТIад ретIараб ратIлилъниги, гьабулеб хIалтIулъниги букIун буго аскIов чIарав чицин вакIа-ваххаризавулеб гIамал. Росдал гIолохъабаз ЧIанкIал квер сайгъат гIадин босулеб букIун буго – кверальулъги букIун буго ЧIанкIае хасаб чи хинлъизавулеб асар.

БакъагъечIиб цо кIудияб къиматго гьабуларо кучIдул ахIулел, гьел гьарулел, кьурдулел гIадамазул. Цебесеб заманалъ хасго гьабулеб букIун буго

гIолохъабазул: жиндирго хIужраялъуса къватIиве вахъине толев вукIун гьечIо гIолохъабаз гьев, кидаго кумек гьабулеб букIун буго гьесие рокъоб-къватIиб гьабизе кколеб гIиси-бикъинаб хIалтIи гьабизе. Батизе бегьула гьеб гIалимчиясдехун гьабулеб букIараб адаб, цIаларав чиясдехун бугеб бербалагьи. ХIакъикъаталдаги ЧIанкIа цIалана БуцIраса ИсхIакъил МухIамадида, ГIашилтIаса КъурбангIалида, Местерухъа НурмухIамадида, цIар рагIарав математик ЧIикIаса ХамзахIажида ва цогидалги гIалимзабазда цеве. ЧIанкIада лъалеб букIун буго гIараб мацIалъул грамматика, лексика, гьединго логика, математика, космография, риторика ва линиял гIелмаби, тарих. Бищунго ЧIанкIае бокьулеб букIун буго ва гьесда лъикI лъалеб букIун буго астрономия. Гьелъ батила гIолохъабазулги ЧIанкIадехун цо хасаб батIияб адаб букIараб. ЦIакъ захIмат буго абизе ЧIанкIаца хъварал кучIдузе гIоло гьабураб адаб батилилан. Биценихъе, ЧIанкIаца къанагIат гурони жиндирго кечI гIадамазда, хасго росуцоязда бихьулеб букIун гьечIо, нагагьлъун бихьаниги абулеб букIун буго лъилалиго бугилан. Нечон вукIунги хIинкъун вукIунги гуро. Гьеб буго адабияталдехунги, рагIудехунги, живго вижараб росулъ ругел гIадатаздехунги, жиндирго исламияб диналдехунги бугеб адаб.

ЧIанкIал заманалъ росулъ ккана гьадинаб лъугьа – бахъин. Цо гIолилас, щиб гьоркьоблъи кIиязулго букIарабали, пуланай ясалдаса къотIноб ботIродаса чIинчIо бахъун буго. Яс гIодилаго рокъое тIурун йиго. "Вай дир яс, гьеб рогьоги босун рокъое ячIинегIаги кин кIвараб?" – иланги абун, эбел ун йиго нахъарокъое. Гьенив кваналев вукIун вуго азухъе вачIарав гьобол. "Духъ нус бугебищ? Кье цо бегьилеблъун батани…" – ян гьарун буго гьоболас рачлихъ бан букIараб нус. Эбелалъ гьеб нус, гьеб бакIалъго, гьоболасда цебе жиндирго щокъроб бахъун буго.

Гьединал гIадатал ругеб росулъ вижарав, ЧIанкIал гIадаб гIамалалъул чиясда кIоларо, мисалалъе –

**Кверазул ишанал, беразул чали,**
**Шавкъалъ чи виунеб угьулеб хIохьел.**
**Бахъун чохтIо къала дир чара хвезе,**
**Чирахъул нур гIадаб нодоги лъухьун**

– гьал мухъал жиндица хъварал ругилан абизе. Хасго цIаларав чиги вугони.

КIолаан МахIмудида. МахIмудица гьебго заманалъ хъвана гьадинан:

**Сардилъ жавгьар гIадаб гIицIаб черхалъул,**
**Чилайдул гьалал цIан цIункIана берал.**
**ЩIорол матIу гIадаб хъахIаб гьурмадул.**
**Килщид къунщби кьурун, къакъана курмул.**
**КигIан нечаниги чара хваялъул,**
**Черхалда гьан течIо тамах гьабичIеб…**

ГIумархIажи Шахтамановасул "МугIалимги мутагIилги" – абураб тIехьалда руго гьадинал мухъал. "Къуръаналъул тIогьиллъарал тIамчазул руго гьадинал хъвай-хъвагIаял: Гьале, щулияб, къалам кодоб ругьунаб кверал нахъе тарал роцIарал, баянал мухъал. Гьеб буго дие ирсалъе жиндирго цIарги тун, дун гьавилалдего хварав дир кIудадал хатI. Дица гьеб цIалулеб буго: "Гьижра жойид гьабулареб гьаб заманалъул тарих рикIкIеналде рекъон I909 соналъ, тIадегIанав бичасул лагъ, дун хIежги борхун, Маккаялдаса тIад вуссун щвана. Чу биларав цIалахъ гIодуларин аби буго. Амма дун гIодилев вуго.

Аварагасул хабада как базе щваниги щиб, гьениве унаго нухда гьалмагъ, гьудул, нух цадахъав, гIалим Тажудин вукъарав дие Аллагьас кьураб рохелги, гьес тIаде тIамураб къварилъиги дир рекIелъ

Цоцазда къвалалги ран регун руго. Сабру кье, ТIадегIанав, дур лагъасул хIалуцараб ракIалъе, квер лъе гьесул сахлъулареб ругънада".

Гьаб хъвай-хъвагIай гурони ЧIанкIал хвелалъул хIакъалъулъ щибниги лъалеб жо гьечIилан тун буго. Киса-кибего хъвалеб буго ЧIанкIа, хIеж борхизе унаго, нухда хванилан. Гьеб мекъиги буго.

Нилъеда киназдаго лъалей, киса-киего рехсолей магIаби гьарулей Хажа гурейги, ЧIанкIал цойгиги яц йикIана – ПатIуч. Росги хун, хехгого къороллъарай ПатIучил рокьи ккараб мадугьалихъ вукIарав жиндасаго гьитIинав васасухъ, гьесие росасеги ине ккарай ахир-къадги. ПатIучиеги гьев гIолиласеги гьаюна жегиги чIаго йигей (I990 сон) яс-ПатIимат.

Гьей ПатIиматица бицуна, жиндида ракIалда бугила, жий гьаюраб мехалъ абулаанила ЧIанкIаца лъабго нухалъ хIеж борханилан. КIиго нухалъ жиндиего гIоло борхун буго, лъабабилеб нухалъ рокъове тIад вуссине гIарцухъ борхун буго. Лъабабилеб нухалъ херлъарав загIиплъарав чиясе гIоло хIеж борхизе унаго нухда хун вуго. Цадахъ ккун вукIарав Рихьуниса чиясухъе кьун, ЧIанкIаца рокъобе битIун бачIун буго хIежалъул тIагъурги, жиндирго чухъаги, сагIатги. Гьевго рихьунисес ругьелги бачIун буго, ЧIанкIаца абунила жиндир чухъа хвараб мехалъ эбелалда тIад бигьеян. Рихьунисев (гьесда цIар ПатIиматида лъалеб гьечIо) вачIиналдего гIагарлъиялъ ЧIанкIада хадуб гIарацги битIун буго, амма щварабищ гьеб ЧIанкIахъе щвечIебищали лъазе кIун гьечIо.

ЧIанкIада цадахъ хIежалде ун вукIана БакьагьечIиса ШайихгIали абулев ресалда вугев чиги. Гьев ШайихгIалил яц ккола ГьатIастанги (ЧIанкIал чIужу). ЧIанкIадаго цадахъ ШайихгIалиги вуссинчIо хIежалдаса. ХIежги борхизе инсул хобги цIехезе къватIиве вахъана ШайихгIалил вас ГъалбацIхIажи. ГъалбацIхIажица бицунаан ШайихгIалилги ЧIанкIалги хоб цоцазда аскIоб Вади-Фатима абулеб бакIалъ бугилан. ГъалбацIхIажица бицанихъе, ЧIанкIаги, ШайихгIалиги, гьездаго цадахъ рукIарал загIиплъарал гIадамалги рокъобе нух бахъизе кIолез рехун тун руго. Рехун течIого ресги букIун гьечIо. ЛъагIалида жаниб цо нухалъ гурони гамаги бачIунеб букIун гьечIо, цойгиги лъагIелалъ унтаразда аскIор чIани жалгоги холел рукIун руго, гамиде унтарал раччизе ресги букIун гьечIо. Ракъун, къечон, бакъукье

унтарал гIадамалги рехун аниги, гьел цадахъ рукIаразде хIакъикъаталдаги гIайиб гьабизе бегьуларо.

Инсан жиндирго рокъов талихIав гьечIони, кивниги талихIав вукIунарин абула. ЧIанкIа, нилъехъе щвезе кIварал баяназда рекъон, рокъов талихIав вукIун гьечIо.

Гьесул чIужу ГьатIастан йикIана, нилъеца цебехун абухъе, рес бугеб хъизамалъул яс. ЧIанкIалги ГьатIастанилги дандеги кколеб букIун гьечIо. Биццанихъе, гьезие ясги гьаюн йикIун йиго, амма гьей гьитIинго хун йиго. ЧIанкIал лъимал рукIинчIо.

ЧIанкIа хIежалде унеб мехалъ гьес абун букIун буго жив лъабго соналдасан вуссинчIони дуего бокьараб гьабеян. Цо пуланаб къоялъ, борчIараб гьеж жанибе ккезабизе, БакьагьечIиве ахIун вуго Гьолокьа МахIсудилан абулев чи. Гьес гъеж жанибе ккезабуралъухъ мухь босун гьечIо, гьарун буго, бегьилеблъун батани, ГьатIастан жиндие кьеян. Гьедин кканин ГьатIастан Гьолокьеян бицуна. Гьеб букIун буго ЧIанкIа хIежалдаса вуссинчIого лъабабго сон бараб заман.

ГьабсагIат нилъеда цадахъ гIумру гьабулел ругел росасулги лъадулги кинаб гьоркьоблъи бугеб, кинаб гIумру гьезул бугебали лъазе кIолареб мехалъ, доб заманаялъ ЧIанкIалги ГьатIастанилги букIараб гьоркьоблъиялъул лъиданиги лъазе кIоларо. КигIан цIакъ ЧIанкIал творчествоялъе кIвар бугеб суал гьеб кколеб бугониги, гьеб лъазабизе лъугьине нилъеда рекъарабги гьечIо.

ЧIанкIал гIумруялъе лъикIаб гуреб асар гьабуна яцалъул ккараб лъугьа-бахъиналъги. Нилъеца цебехун бицен гьабун букIана гьесул яц мадугьаласе рокьиги гьабун иналъул. ЧIанкIал гIадаб хасияталъул цIаларав чиясда, хасго доб заманаялъ гьединаб лъугьа-бахъиналъ ругъун лъечIого хутIуларо.

ЧIанкIал доб заманаялъ рукIарал пикрабиги ургъалабиги жакъа рахъун лъазабизе цIакъ захIматаб жо буго. Амма хIалбихьизе бегьула. Росулъ тIоритIарал ЧIанкIал ахирисел санал хIужраялъур ун руго. Гьев гьадинги, кидаго хIужраялъув вукIунев чи, ахираб заманалда гьениса къватIивего вахъунев вукIинчIилан бицуна. Кидаго диналда тIадчIун, тIахьазде тIаде къулун вукIун вуго. Хасго астрономиялде кIвар кьолеб букIун буго. Гьединан вугони, росдал гIадамаздаса ватIалъичIого, гьев хутIун ватиларо. Хъизаналъулъги лъикI гьечIони, яцалъул гьадаб лъугьа-бахъинги ккун бугони, пикру гьабураб мехалъ, бичIчIула ЧIанкIа росулъ янгъизго хутIи.

Цойгиги, киналго шагIирзабазул гIадат буго жидерго ургъелал кагътиде рикьулел.ЧIанкIаца, нилъеда лъала, цIакъ къанагIат гурони, гьебги гьабичIо; аслияб къагIидаялъ гьесул шигIраби руго батIиязул гьари къабул гьарун хъварал. Гьаниб рехсезе ккола цоги гьадинаб хIужжаги. ЧIанкIал руго кучIдул батIияз гьарун хъвачIел, гьел киналго ккола росасда йигей гIаданалде гьарурал. Гьаб тIехьалда лъун ругел кучIдузе хъварал цебераглабазулъ, цIаларав чиясда гьеб пикру батула. Росулъ, росасда йикIун ятизе ккола ЧIанкIал рокьи ккарай гIадан.

ГIумруялдехун ЧIанкIал букIараб бербалагьи, хIежалде иналде цебе сундул пикрабазда гьев вукIаравали, шагIирасул рекIел рахIат хун букIинги нилъеда бичIчIула гьал рагIаби цIалараб мехалъги:

**Дунялалъул къоял къварид риччазин,**
**Къиямасеб къоялъ шапагIат щвезе.**
**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин,**

**БецIаб лахIтуялъуб хIалхьи букIине.**
**ХIехьезин аб гIазаб гIадаллъизегIан,**
**ГIарасалде щведал диван гьабизе.**

ЧIанкIаца живго хIежалде ине къватIиве вахъунеб мехалъ, БакьагъечIиб хутIараб биценалда рекъон, живго нуха регIизениги, жиндаго нух битIагиян абизениги, я яцазе, я хъизаналъе рес кьун гьечIо. БакьагъечIир ЧIанкIаца тIамурал ахирисел сагIтал ХъахIабросулъа МахIмудида цадахъ тIамун руго. ЧIанкIал хIужраялъур цере тIиритIун тIахьалгун кIиявго шагIирас гьабун буго щуго-анлъго сагIаталъ халат бахъараб гара-чIвари, бахIс. ЧIанкIаца гIагарлъиялъул щивниги аскIовеги виччан гьечIо, гьезул букIараб хабарги абадиялъего балъголъилъун хутIана.

БакьагъечIиса ЧIанкIа нухав регIана ХъахIабросулъа МахIмудица. Кида ЧIанкIа ракIалде вачIаниги, МахIмуд вачIуна цеве, кида МахIмуд рехсаниги, ЧIанкIа щола ракIалде. КIиго шагIирасул хIакъалъулъ хъвалеб бугониги, кIиялго цадахъ рехсезе кколел ругони, бокьаниги бокьичIониги бачIуна пикру: кинав лъикIав? ШагIирзабазда "номерал" чIвазе бегьуларо, гьезулъ тIоцебесевги кIиабилевги вукIунаро; шагIирал рукIуна батIи-батIиял, щивасул букIуна жиде-жидер хатI, хаслъи, жиде-жидер дунял. Цоясул ракIалъе асар гьабула пуланав шагIирас, цогидазул ракIалъе – цогидас.

Литератураялда жаниб кIиясго ккун буго мустахIикъаб бакI; гьабсагIат цIакъ захIмалъилаан кIиясулго асаралги гьечIого, нилъер адабият цебе чIезабизе; цебе чIезабизабуниги цIакъ мискингоги букIинаан.

Киназдаго бичIчIулеб, мухIканаб, филологаз чIезебураб, ЦIадаса ХIамзатица тасдикъ гьабураб пикру ккола МахIмудил вачIинго ЧIанкIадасан букIанилан абураб. ГIумархIажи Шахтамановас жиндирго " МугIалимги мутагIилги" абураб тIохьолъ рехсолеб буго магIарухъ батараб гьадинаб бицен.

"КечI ахIун бахъана… Киналго бихьиналги нахъе ун, кочIохъан живго хутIана. Чанго галул манзилалъ гьесдаса рикIкIадегIан гIодов чIун вукIана, керчго къунцIараб лахIчIегIераб мегежалъул, бихьинчиясул букIунареб гIадаб берцинаб гьумералъул, 35 сон барав гIадав чи. Цо лахIзаталъ гьезул берал дандчIвана ва кIиялго цоцаздехун божилъиялъул асаргун хантIан тIаде рахъана. КочIохъанасул босараб кверги биччачIого, гьес абуна:

– Квер щулалъаги дур, дир вац, пикру цIубаги. ЦIакъ лъикI ахIана дуца. ГIицIго гьаб кечI гьабурав чи щивали бице.

– Дуца гьабуна гьеб. Дун вохарав вуго ЧIанкIа, ахирги мун вихьизе щвеялдаса. МахIмуд буго дир цIар. ХъахIабросулъа Анасил МухIамадил вас.

Гьедин ккана жеги гIемеразда лъаларев МахIмудилги гьоб заманалда магIарул росабалъ жиндир цIар машгьурав ЧIанкIалги тIоцебесеб лъай-хъвай".

ХIакъикъаталдаги жиндицаго хъвалелде МахIмудица ЧIанкIал кучIдул ахIулел рукIун руго.

Хадуб МахIмудица цо гIолохъанлъиялъул чIаголъи речIчIизабуна, дагьабги гъваридго, бухIиледухъ загьир гьабуна рокьи жиндирго кучIдузулъ, дагьабги рикIкIаде бачана ЧIанкIада батараб нух.

Жиндицаго МахIмудица ЧIанкIа мугIалимлъун рикIкIаниги, гьел рукIана тIубан батIияб рукIа-рахъиналъул гIадамал.

МахIмудил кучIдул ЧIанкIалалдаса гIемералги руго, МахIмудица гьел жиндицаго ахIулелги рукIана. МахIмудица жиндирго гIумруги кьуна кочIоеги рокьуеги. ЧIанкIаца кьечIо. ЧIанкIа вукIана, нилъеца бицанихъе, гIодобе биччараб гIамалалъул, гIелму-лъаялда хадув чIарав динияв чи. ЧIанкIаца хъварал кучIдулги, гIемерисел, гIадамазул мурад тIубан хъварал руго.

ЧIанкIада кутакалда лъикI лъалаан Къуръаналъ шагIирзаби рещцуларебльиги, жужахIалъуре унел халкъалъул церехъаби шагIирзаби кколилан гьениб хъван букIинги (26 сура, 224 аят), амма ЧIанкIаца хъвана. Расги бигьаго букIун батиларо ЧIанкIае жиндирго кечI Дагъистаналда тIибитIараб мехалъ гьеб жиндир кечI букIиналъе мукIурлъизе.

БатIи-батIияв шагIир, батIи-батIияб къисмат, батIи-батIияб гьунар… Гьедин букIин лъикI буго…

## РОКЬУЛ КУЧIДУЛ

Гьаб кечI ЧIанкIаца батIиязул гьари тIубан хъвараб буго.

ГIахьалчIи йикIарай бергьун кечI ахIулей, тIалъиялдаги тIалъиялда гуребги цIар тIибитIарай гIадан – Бегун. Лъил берталъ кечI ахIулей Бегун йихьун йикIараяли Гъоркькколоса Хъаничал МухIамадил гьелъухъ рокьи ккун букIун буго. Амма, МухIамадил талихIкъосин батила, Бегун росасда йигей гIадан йикIун йиго. Каранзул бухIиги цIакъго гьалаглъун, тIокIабги дида гьаб жо хIехьезе кIоларилан ракIалде ккараб мехалъ, гьес ЧIанкIада гьарана жиндир цIаралдасан кечI гьабеян. Хъаничал МухIамадица ЧIанкIае бачIараб сайгъат-саламалъул лъалеб жо гьечIо.

ХIасилаб калам, кIиязулго квербакъиялдалъун магIарулазе щвана гьабун бахъиналде машгьурлъараб кечI.

ТIоцебе гьаб кечI къватIибе бахъана "БагIараб байрахъалда". Гьеб газеталдеги кечI ккун букIана ХIажи Гъазимирзаевасги Зираниса ХIабибовасги кьун.

КечI букIине ккола ЧIанкIаца гIолохъанаб мехалъ хъвараб. ГIолохъанго хъварал кучIдузулъ ЧIанкIал гIемер такрарлъула цого образал. Гьелго образал цо кочIолъан цойгидаб кочIолъеги гочунел руго. Амма жиндего пикру цIачIого толаро Бегуниде хъвараб кочIолъ бугеб аллитерациялъ:

**РухIги жанги жеги жаниб ккун буго,**
**Жаниб анищ турун, ургъелалъ махIцун…**

## БЕГУНИДЕ

**Угьун хIохьел биччан, керен чучани,**
**Карандаса гьава гьогьомиладай?**
**Гьарщун магIилги тIун, ракI гIоданани,**
**ГIищкъуялъул сунтур ссун ккелародай?**
**МацIалзул тIогьиса печатьги бахъун,**

**Бахъа бокьарабан, бикьизин ургъел.**
**Ургьиб ракIалдаса кIулалги тIутIун,**
**ТIину ккун чIехьезин чIалгIараб рокьи.**

**Макьу тун унтарал гIаданул берал**
**ГIодун нур свинегIан ,сабур гьабуна.**
**Гьаваялъ бежараб ургьимесалда**
**СагIир боркьизегIан, рокьи бахчана**
**Чорхол нусабго сан сагьвиллъаниги,**
**Лъазе биччачIо хIал, чIухIилейилан**
**ЧIаго лахIтуялъув лъун кIвекIаниги,**
**КIалъачIо дуда дун, сси хвелебилан.**
**РухIги жанги жаниб ккун буго,**
**Жаниб анищ турун, ургъелалъ махIцун.**
**РакIги, кIалги, мацIги цIорон ккун буго.**

**Вабабай, йокьулей, рокьиян абун,**
**Бицине лъалареб цо унти буго.**
**Унго рекIел мугьжат гьалулеб буго.**
**Балагьи лъаларо, балагь лъаларо.**
**Бугеб гIазабалъул гIадат лъаларо,**
**ГIищкъуялъул хучдуз васунев вуго.**
**Сундул унтияли таптар цIаличIо,**
**ЦIерги цIаги буго ургьимесалда.**

**Зобалги ракьалги рижарав жаббар**
**Жаниб бакараб цIа кидадай свина.**
**Кинабго ГIарафат цIунарав халикъ.**
**Хабалъги вухIилищ дун гьаб хIасраталъ.**
**Дуниял гвангъизе бакараб карту.**
**Канлъи босун ана мун лъаралдаса.**
**Дагъистан чIухIизе чIвараб гIарцул дугъ,**
**Дида унти ккана мун гIуралдаса.**

**Дур бицараб калам цо-цоккун чIамун,**
**ЧIола халваталда, хутIула какал.**
**Камилаб гьурмадул пикраби гьарун,**
**Авлахъ сверулаго, рогьуна сардал.**

**Гьаб ракьалда бугеб берцинлъиялъул**
**Байрахъ кодоб ккураб Кавкабул харкъаъ,**
**Берцинлъи бикьизе ракь берцинлъизе,**
**Ясазул сси хвезе, халкъ гIажизлъизе**
**ГIодосан сверула сси зодоб бугей!**

**Сурат тIавусалъул, тIабгI тулпаралъул,**
**Тирилъи жайранул, жисму жавгьарул.**
**Жийго баккараб бакъ, рукъ бухIадил яс!**
**Нодо кагъаталъул, керен жавгьарул,**
**Гъалал гъаранпилил. Къама меседил;**
**Къунщби чилаялъул, черх луълуалъул,**
**ТIураб аят гIадал багIар гIанаби!**
**МацIалзул пасихIлъи, хIарпазул лазат,**
**ХIухь бахъун бицунеб берцинаб калам!**
**Кверазул ишанал, беразул чапи,**
**Шавкъалъ чи виунеб угьулеб хIухьел.**

**Бахъун чохтIо къала дир чара хвезе.**
**Чирахъул нур гIадаб нодоги лъухьун,**
**Чилаялъул явлухъ, кIал хьвагIун, чIвала,**
**ЧIегIер барал ракIал риун лъугIизе.**

**Гьава жаниб тIолеб меседил румка**
**Кепги ссиги буго свердизе лъугьун.**
**Ссий жаниб бахъулеб гIарцул халипа,**
**Халкъ дуде буссина, россол жо тани.**

**Гьанже мунин руго, духъилан руго,**
**Дагъистан областалъ сси дур куцала.**
**Кинавго чиясул кIалдиб мацIалда**
**ГьоцIолъун цIар буго Бугунан гьанже.**

**Логол тасбихI буго талихI къаялъул,**
**Къол нухалъ рагIулеб, гIакълу босизе.**
**Чорхол гьава буго, гьава босадил,**
**Бадисан нур босун, босада лъолеб.**

**Мунилан холев дун хвайиланги тун,**
**Хваяв хIалихьатгун хIал щай рекъолеб?**

**ХIасраталъул цIадав гьадин дунги тун,
Танкан гIодой юссун росгун чIеладай?**

**Ясазда нур балеб балавуз чирахъ,
Чангит бахъиларищ исанагIаги?
ГIолилал ясазул сардарул-агIзам,
СанагIат ккеларищ къватIий ятизе?**

**Мунан угьдулеб ракI дир гуреб анищ,
АдигIан квегIенлъуй куц ракъолареб!
Каранда бугеб шавкъ духъ гуреб анищ,
Ургьиб ракI гъорлъги лъун, йокьулей йосзе!**

**Дие бегьуларей балагьлъунги ккун,
Балагьадго канлъи босулеб буго.
Кверщел чияхъ бугей чорхолъги йосун,
Росу чIалгIун буго, балагь чорхое.**

**Алжанги жанги кьун, женалъ йосизе,
Росу батIияйлъун ятичIей анищ!
Пикри капурлъизе, кеп гъапугьине,
КкечIеб анищ рокьи, ракь батIиялъуб!**

**Макьил кеп бихханин, квен кIочон танин,
КIолебанищ чIезе МочIохъейги тун.
Кинан толей кIочон, кIолеб кин чIезе,
Курмулъ ракI толареб бакъул нуралъухъ.**

**Балагье гьурмаде, гьабе хIисабал,
ХIал кIварас кIал гьикъе къвакараб мехалъ.
Пикру гьабе чорхол, чапун инчIони,
Чармил вукIиналъе мукIурлъун чIела.**

**Бадиб балагьани, гьоцIо биуна,
Гьимун мун кIалъани, лъим бакъван ккола!
Дуца къвал банани,  къабру биххила,
Къаданий чIанани, хварал рахъина!
КIалзул жавабазул жугьа рагIани,
Ургьиб бугеб  лъимер данде кIалъала!**

**Зодиб багIарбакъги къварилъун буго,
Бегун гIуралдаса нур сванин абун.
Авлахъалда тIугьдул къечхьан рагIула,
Къадру дудехун ккун, нур сванин абун.**

**Мискалъул махI бахъун, гIинтIул тIегьги тун,**
**ГъветI цIехон, мокърол тIегь тIе бокьараца.**
**Зобалъул багIарбакъ балагьунги тун,**
**МоцIрол цIарул чIухIи дий хIажат гьечIо.**

**ЧIарбил лахIтуялъур турарал рукьби**
**Бокьараца росе къаси бусаде.**
**Къвалакъ алжан бугей Жариятги тун,**
**ЖужахIалъул гьиндгин гьудуллъи щайдай?**

**Гьанже ияхIалъул номер хъвагIана,**
**ГIаданлъи ссиялъул аслу тIутIуна,**
**ТIокIаб гьаб дунялгун дун ургъиларо.**
**Абун гIадамасухъ гIенеккиларо.**

**ГIакълу-тадбиралда туманкI речIчIила,**
**Теларилан гьудул гьедун йосила,**
**Гьабе бокьарабан, аскIове ина.**
**Я Сибирь, я къоно къадар хъвачIони,**
**КъваригIун буго дий цояб лъугьине.**

КIахъ росулъ (гьанже Хунзахъ район) йикIун йиго Гулишатин абулей, гьайбатай, берцинай гIадан. Гьелъул эмен вукIарав кIудияб ишалда Темир-хан-Шура хIалтIулев, ресалда вугев чи. ЧIанкIа КIахъ вугеб мехалъ, гьесул рокьи ккараб Гулишатихъ. Гулишат ЧIанкIае ячIинчIо, гIагарлъиялъги кьечIо. Гьей гIаданалде хъвараб кечI ккола "Гулишатиде".

Буго гьадинаб биценги.

БакьагьечIиса ИсмагIилин абулев чи вукIун вуго Гулишатил инсуца рагьтIателлъун вачун цеве хIалтIулев. Гулишатида берчIвазе хьулалъ батизеги бегьула, ЧIанкIа вачIунев вукIун вуго гьесие кумек гьабизе. Цо пуланаб къоялъ азбаралъуб ИсмагIилие кумек гьабун цIул бичIулев вукIарав ЧIанкIа. Рагъидасан гьесухъ ялагьун йикIарай Гулишатил эбел. Заманалдасан гьелъ жиндаго аскIое ахIун йиго Гулишат.

– Гулишат, гьадав ИсмагIилие кумек гьабулев вугев, хIул-хIулараб чухъаги ретIарав вас щив?

– ЧIанкIа вуго… – ян абун буго ясалъ.

– Гьавищ дов, дуца бицунев вукIарав кучIдул хъвалев чи?

– У. БакьагьечIиса ЧIанкIа…

Доб заманалъ, гьанже гIурус мацIалде гIадин лъарагI мацIалде мода букIун батила, рагьун гордогун, эбелалъ ахIун буго:

– Муна гел – илан.

ВачIун вуго ЧIанкIа горда гъоркье.

– ЧIанкIа, – ян абун буго Гулишатил эбелалъ, – дуца цIакъал кучIдул хъвалел рагIула, цо кечI щай дуца дие гьабулареб?...

ЧIанкIаца жаваб кьелалде нахъасан ИсмагIилица ахIун буго:

– Дуде хъван кечI лъугьунаро, – ян.

ЧIанкIаца абун буго:
– ЛъикI буго… Дица хъвала…– ян.
ЧIанкIаца гьеб кечI хъвана… Амма гьелъул ясалде, Гулишатиде…
ТIоцебе гьеб кечI къватIибе бахъана "БагIараб байрахъ" газеталда ва I958 соналъ къватIибе биччан букIараб авар поэзиялъул антологиялда.
Гулишатиде хъвараб кечI гьаб тIехьалда байбихьулеб буго гьадинан:

**Забру варакъулаб хIежалъул Къурьан,**
**ХIал гьабулеб буго гьанже гьаваялъ.**

Гьабго кочIол чанго бакIалъ дандчIвала гьадинаб байбихьиги:

**Матбал варакъулаб хIежалъул Къурьан**
**- - - - - - - - - - - - - - - -**

Гьеб гурелги руго хис-хисизе гьарурал бакIал. Мисалалъе гьаниб лъураб кочIолъ хъвалеб буго:

**Дунял берцинлъана, заман чIухIана,**
**Мун йижаралдаса, ракь пахрулъана.**

МухIамадсагIид СагIидовас данде гьабураб тIехьалда цохIо мухъ хутIун буго:

**Мун йижаралдаса, ракь пахрулъана.**

Авар поэзиялъул антологиялда буго цо мухъилъ "дур рукъ бухIаяй" - илан, нижеца лъолелда буго "дур рукъ биххаяй" - илан.

## ГУЛИШАТИДЕ

**Забру варакъалъул хIежалъул къурьан;**
**ХIал гьабулеб буго гьанже гьаваялъ**
**ХIанил жисму бугеб зобалъул тIавус;**
**Зулму буго дие гьаб рокьиялъул.**

**Рукьбал месевдилаб, сан маргъалулаб,**
**Самаияб хIанчIил хIал буго дие.**
**Куркьбазда варакъул накъищ угьараб,**
**Гьаваялъул лочнохъ чара хун буго.**

**Беразул нур сунеб сипат бихьидал,**
**Сабруяб ракIалъул гIадлу хисана.**
**Халкъ гIажиз гьаюрай гIадан ятидал,**
**ГIаданул беразул низам биххана.**

**Унго инсандай мун, сипат гуродай,**
**Дир сабру лъугIараб гIажаибаб рухI.**
**ВахIай хIурулгIиндай,малаикциндай,**
**Дир хIалал рихьизе цее тIамурай.**

**Вабабай асиллъи, унго чIурканлъи,**
**ЧIегIерлъи беразул, берцинлъи гьурмал;**
**Гьай гIужбу карамат, камиллъи чорхол**
**Чергеслъи, хIадурлъи, хIатIил тIадагьлъи.**

**Унго логол битIи, ратIлил тIад рекъей,**
**Къвалзукьа чергеслъи, чорхол къагIида.**
**Лугбал инсанияй, сан маргъалулай,**
**Сон рикIкIун чапана мун дир чорхолъе.**

**Сипат хIавраияй, хIетI тулпарулай.**
**ХIайванги херлъила, дур хIисаб гьабун.**

**ГIурусазул пургон, гьорол машина,**
**Машаалагь бечед, чорхол чIурканлъи!**
**Меседил карапин, кибритул ахIмар,**
**Кинха йокьулей, йокьилей цоги.**

**Берцинлъи-тIадагьлъи, тIасан борчIарай,**
**ЧIурканлъи, камиллъи бергьун босарай,**
**Ал ясазул сайгид, мусудузул хан,**
**Хиялго бугодай унго ракIалда?**

**Ихтияр кодоб кьун, кверщел духъго тун,**
**Дуего бокьухъе йижун ятила.**
**Нахъе анищазул асар течIого,**
**Эбел тIаде тIамун, чIаран ятила.**

**ЧIухIарал, рекъарал къагIидабазул**
**Къадру ассилияб сурат  течIого,**
**Сси бугел, реццулел тIабигIатазул**
**ТIокIай камиллъизе кинан рес бугеб?**

**Гьурмада бугеб сси, сверухъ бугеб нур -**
**Нахъе анищалъул асар тун гьечIо.**
**Ал ясазда гьоркьой мун чIараб мехалъ,**
**Хьухьикьан баккулеб бакъилан ккола;**

**ЯчIун гьезда бакьулъ мун гIодой чIедал,**
**Дир гIакълудул асар босун лъугIула.**
**Дудехун гаргазе гIащикъаб дир мацI**
**Цабзазда бухьуна, мун йихьарайго.**
**Йихьизе урхъараб ургьиб гьинал ракI**
**Жаниб гьалаглъула гьаракь рагIигун.**

**Дунял берцинлъана, заман чIухIана,
Мун йижаралдаса ракь пахрулъана.
Боялда нур барай, улка гвангъарай,
Губерня къалъарай къутIпудул хIуби;**

**Юссунеб руссада сверун нур балеб
Лайлатул къадирдай дур къвалакь бугеб?
КъватIий яккулаго дунял гвангъулин,
Бакъ-моцIалъул нурдай дур гъурмалъ бугеб?**

**ТIокIай гьариларо, гьадинай гIела,
Дур гIамал босарай яс йижиларо:
Жавгьаралъул хIара хIанил гъажаби,
Луълуалъул килщал, каржинул гьумер;**

**Гьуинал рагIаби, гIисинал цаби,
Цо кIалъай кIалалъул - кIарчанаб калам;
КIиябго бералъул берцинаб балай -
Батиларо хIикмат дуде бахараб.**

**Гьанже дунялалда, Дагъистаналда
Дур гуреб сси гьечIо гьаб улкаялда,
Цинги росабазул сверухълъиялда
Сси дуде буссана тIолго ясазул.**

**Яхси, Чачаналда, Чергес ракьалда
Дуда чин бащадай яс ятиларо.
Шураб хъалаялда, губерниялда
Дуде сси бахараб сурат бахъичIо.**

**Сси бугел ясазул округ командир,
Дуе час кколарев гIадан ватичIо.
ГIараб басмаялда меседил аят,
Ясазул сси хола, мун цее чIани.**

**ЧIурканаб черхалде чергес хъабало,
Чанги махлукъ буго дуца гвангъараб.
Чергесал лугбазда лъарагIаб ретIел,
Лъаларо дур къимат - къватIул хабарал.**

**Бохда цIумур бараб цIар берцинаб хIинчI,
ХIалада лъаларищ дий бугеб балагь?
ХIираъ мегIералде магIдинаб гIанса,
ГIайибан кколарищ, дун гьадин тезе?**

ГIиракъ, Мисриялда сардил явакъит,
Саламниги битIе, ракI гIатIилъизе.
Сидратуллагьалде ахIдолеб гагу,
ГурхIа, гьудул, дида, дун холев вугин.

ГIадамал хIайранаб, хIайван гIодулеб
ГIазаб буго дие, мун лъаралдаса.
ГIищкъуялъул купи карандеги къан,
Капураб гьаваялъ гьаглъулев вуго.

Гьаб хIалалъ мунилан холев дунги тун,
Хиял лъиде бугеб, дур хIал бохаяй?
ХIайванал гIажизаб гIумру дийги кьун,
Лъиде юссинедай къасд лъолеб бугеб?

Унго, гIайиб чIвалищ гIищкъу ккунилан,
Гьагъаб гьумералъухъ, гъоб лагаялъухъ.
Гьаха, чIвазин хатIа, хал гьабе гьелъухъ,
Нусабго саналъухъ, сипат-куцалъухъ.

Кинха гIайиб чIвалеб гIамал-тIабгIалда,
ТIаде жийго йиччан, рищун ругелъул.
Дур рагIул гьуинлъи, гьурмал берцинлъи,
Бицунеб каламалъ кеп гьабулеб куц!

Курмузул гургинлъи, горбол халалъи,
ХъахIаб щвемещалъухъ шавкъ бергьунеб куц!
Мунгун калам бицун, керен чучизе,
Киса, эб даража дие щвеларо.

Черхалда квер хъвайни киб гурин дие,
Квер битIун баизе мун лъихъе щолей?
Гьекъон унеб шараб щокъроса гъоркье
Щибаб къатIра-тIири тIасан бихьула.

ТIад ретIунеб ратIлил пардав гьечIого,
Гьурмахъ балагьизе барахщула ракI.
Гьаналъ бугеб ракьа, гьоркьоб бугеб нах -
Нусабго логолъан гвангъун бихьула.

ГIадан-инсанилан яти гурони,
Ракьда хIетIе гуро, хIурда лъалкI гуро.
Гьурмадул нур буго, бакъул нур гIадаб,
Бакъуде рехарал хьухьал риунеб.

**Чорхол санги буго, сардилъ моцI гIадаб,**
**Дагъистан гвангъараб Гулишат-бикал.**
**Зодил тIавус бачIун тIавап гьабурай,**
**ТIогьилаб явлухъалъ ракI бахъун ана.**

**ТIад чIараб тахбакIалъ тасбихI гьабурай,**
**Дуде хIасрат бергьун гьаглъулев вуго.**

**МагIарда чанилги чара бухIарай**
**Чиновникасул яс йосана гIадахъ.**
**ГIурус падишагьас алапа хъварай**
**Апцерасул ясалъ сагьвил гьавуна.**

**Вакъарав гIорцIила гIищкъуялдалъун,**
**ГIалам хIайранлъулей дуда бер чIвани.**
**Бецлъарал беразда канлъи бихьила,**
**Камилаб гьурмаде валагьанани.**

**Бакараб кан гIадаб, канаб моцI гIадаб,**
**БечIчIараб рахь гIадаб, бахьинаб гьумер.**
**Я мун лъаралдаса лъарагIай бика,**
**Лъавудаса ана, гIакълу босана.**

**ГIиприт хIайранлъулеб хIатIил росада**
**Дур свери бихьидал, дир сабру хвана.**
**ЩIулал кинилялда, кварил рущада**
**Кеп чIван чIурканлъараб лага дур гуро.**

**Алжан баркун пирказ кодобе кьеяй,**
**КидаллъагIан телев дун гьаб хIалалда?**
**ГIаршул рахIманасги сужда гьабеяй,**
**Сабаб гьабиларищ гьаб рокьиялъе?**

ГьаракIуниса ГIайшат ккола доб заманаялъ машгьурай, цIакъ берцинаб гьаракьалъул, махщалида кечI ахIулей йикIарай гIадан. Биценги буго гьеб кечIги ЧIанкIаца батIияс хъваян гьарун хъвараб бугилан.

Амма ГIумархIажи Шахтамановасул "МугIалимги мутагIилги" абураб тIехьалда хъвалеб буго ГьаракIуниса ГIайшатихъ ЧIанкIал жиндирго рокьи ккун букIанилан.

КигIан лъикI пасихIго гьеб тIехь хъван букIаниги, ГIумархIажил тIехь ккола жиндирго пикрабиги, жиндирго бербалагьиги къватIибе кьолеб, аслияб къагIидаялъ, художественнияб асар. Гьединаб асаралъе кIудияб мухIканлъи хIажалъуларо. ХIакъикъиял хIужжабазе гIоло гьеб тIехьалде

мугъчIвай гьабизе бегьуларо. Мисалалъе, ГIумархIажи Шахтамановас гьеб тIехьалда хъвалеб буго МахIмуд ЧIанкIал рукъалъул кIиабилеб тIалаялде ваханилан. ЧIанкIал рукъалъул кIиго тIала букIинчIо, гьабсагIат росулъ нахъе цIунараб гьесул минаялъ гьал рагIабазе нугIлъиги гьабула.

Амма ГIумархIажие гьеб тIехь хъваралъухъ баркалаялъул асар киданиги нилъер чорхолъа тIагIинаро.

ТIоцебе ГIайшатилан абураб кечI къватIибе бачIана 1940 соналъ ГIусмановас данде гьабураб авар поэзиялъул антологиялда.

## ГЬАРАКIУНИСЕЙ

**КигIанго кIалъазе намуслъаниги,**
**КIолеб гьечIин чIезе, гIин тIамун бихье.**
**ГIадамаца хатIа дида чIваниги,**
**ХIал бергьунеб буго гьинал ракIалъе.**

**Жаниб цIа бакула керен судула,**
**Сабру тIагIун буго гьанже черхалъул**
**Чергесаб дур логол хIисабги гьабун,**
**ХIал бергьунеб буго гьинал ракIалъул.**

**Огь, ячIинчIей анищ ЦIалда росулъе,**
**ЧIунтараб рекIее балагь гьабизе.**
**Хар сверичIей анищ дир свериялде,**
**Сабру лъугIараб черх чапун биине.**

**Маргъалул черхалде лъарагIаб ретIел,**
**ЛъачIей анищ дида ГьаракIунисей.**
**Нугъай авлахъалда хъурайсин кьегIер,**
**Дун гIадал гьавизе йижичIей анищ.**

**Забру меседил шал гIадатIеги чIван,**
**ЧIухIдае сверула, керен судизе.**
**Огь, байтулман дунял, дида бугеб хIал,**
**ХIал бергьараб гIищкъу гIадалъги щущан.**

**Вай, гIащикъаб гIумру унеб бугеб куц,**
**ТIулида кор боркьун, каранда цIа лъун!**
**Дуй сипат гьабизе ракI сагьвиллъула,**
**Бадив валагьани, мацI кIочон тола.**
**Йихьани, балагье, берзул нур унин,**
**Сипат-гьаяталъул гьайбаталдаса.**

**Гьанже элде щварай яс йижиларо,**
**ТIолго элъий буго, элдасан буго!**

**Машааллагь бечед, черх буго элъул,**
**Жибго хIавраияб, хIур тIад чIолареб!**
**ХIал кIолев бетIергьан, гьурмал бацIцIалъи,**
**Босе дурго рахьи бихьулеб гIужалъ!**

**ЛахIчIегIерал кьунсрул, гургинал берал,**
**Какътида нур гIадин, росун лъун руго.**
**Мисри хвалчен гIадин  чалухаб мегIер,**
**БегIерлъи рекъараб, гвангъи берцинаб.**

**ЦIуйзе гъира ккараб кIиябго гIоно,**
**ЦIердул матIу гIадин гвангъун чIун буго.**
**ГIанбарул тIегь гIадаб, би-рахь жубараб,**
**Жийго цо ясалъул багьаяб щвемещ.**

**ГIарцул куназ къарал къарбиял курмул,**
**Къвалакь чалу ккураб чараб пулуша;**
**БагIар мачуязда гIарцул чалаби,**
**Месед тIад бекьараб хъахIилаб тIажу.**

**Рекъанщинаб ретIел, тIад чIвалеб кверлъин,**
**Кисанго меседилъ сукIун лъун йиго.**
**Хункарасул пайтон, цIадул машина,**
**ЦIа рекIуна рекIелъ кIилкIил гьаракьалъ.**

**Баргъичал гIемерал къаламул килщал,**
**Къвал дуда барав чи унго хвеладай?!**
**КъутIпудал нур  гIадаб чIурканаб лага,**
**Квер дуда хъварав чи киса херлъулев.**

**Дур берцинаб гьаракь, гьуинаб бакъан,**
**Эл дур калимаби, кочIол къагIида.,**
**Кинавниги киназ, инаралзаби**
**Элъул пасахIаталъ паналъун руго.**

**ЛъаргIи чергесайги, чалухлъиялъулъ**
**Чи цеве ккеларо дир гьудулалда.**
**ТIолго бугеб ссиго сверухълъиялда**
**Дудасан куцала киналго ясал.**
**Кинабго тIабигIат, тIолго пишаби**
**Элъул рикъун руго къоролзабаца.**

**Дир ракI божуларо жегиги элда,**
**Эбелалъ гьаюрай яс ятилилан.**

**Жибго инсанасул сурат гурони,**
**Сверухъ лъугьаниги, черх бихьуларо**
**Чирахъалъул гIадаб гвангъи гурони,**
**ГIадан-инсанасул рагIадго гьечIо.**

**Росу гьогьомизе, дун паналъизе,**
**ГохIдузда рещтIунеб тIавус батила.**
**Сабру лъугIарав дир хIалал рихьизе,**
**ХIурулгIин ятила, сурат бахъулей.**

**Дийго щвечIониги, щукру гьабила,**
**ГьоболлъудагIаги рещтIун йигелъул.**
**Къадар хъвачIониги вохун вукIина,**
**РакIалдещвеялъе рокъое щведал.**

**Дур баракат щваяй, щибха гьабилеб.**
**Рокьул гьава бугин гьаб балагь дие.**
**Шапакъалъи щваяй, дун кIочон тоге,**
**Дунги дурго гьудул, махIрум гьавуге.**

ЧIанкIаца 1902 соналъ БакьагьечIиса ГIабдулагьил ТIалхIатиде хъвараб кечI нахъе цIунун батана Хунзахъ районалъул БуцIра росулъа Баширил МухIамадицаги ХIажил МухIамадицаги. ХIажил МухIамадида цойги цIар букIана – Чарав.

Баширил МухIамадица жиндицаго кучIдул ахIулаан, гьединлъидал гьесда рекIехъе лъалаан ЧIанкIал цойгидалги кучIдул. Живгоги гьев цо заманаялъ ЧIанкIада цадахъ Рихьунив мутагIиллъун вукIана.

ЧIанкIаги ГIабдулагьил ТIалхIатги цадахъ мутагIилзабилъун рукIун руго Рихьуниб росулъ. КIиялго цо росулъа чагIи кидаго цадахъги рукIун руго. ГIабдулагьил ТIалхIат, бицанихъе цIакъ жинс бугев, берцинав гIолилав вукIун вуго. Гьал рукIараб росулъа ресги цIарги бугеб лъикIаб тухумалъул ясалъул рокьи ккараб ТIалхIатихъ. Заманалдасан рокьи тIатараб, гIадамаз гьей кIалзухъ яхъарай. Ясалъул гIагарлъиялъ хIукму гьабураб гъоркьчIелги гьабун, балъго-гIатIго ТIалхIат чIвазе. Гьеб хIукму лъараб росдал дибирасда. Дибирас ТIалхIат, лъиданиги лъаларедухъ, рокъове БакьагьечIиве тIовитIарав. ЧIанкIа живго хутIарав гьеб росулъ. ТIалхIатги ун хутIарай ясалъ, гьесул гьудуласда ЧIанкIада гьарун буго жиндир цIаралдасан ТIалхIатихъе кагъат хъваян. Гьезул гьоркьоблъиги, гьай ясги, ГIабдулагьил ТIалхIатги лъикI лъалев ЧIанкIаца хъван буго гьаб кечI.

ТӀоцебе гьаб кечӀ къватӀибе бахъана 1957 сональ. "БагӀараб Байрахъ" газеталда. Амма гьаб тӀехьалда лъураб кочӀольги, газеталда бахъараб кочӀольги, цо-цо бакӀазда рагӀаби батӀиял руго. Нижер пикруялда рекъон, гьаб кечӀ буго тӀад лъицаниги квер бахъичӀеб, ахӀулел гӀадамаз хисизабичӀеб, хӀакъикъияб .

Цойгиги, гӀажаиблъи гьабизе тӀамула гьадинаб хӀужжаялъги: гьаб кочӀолъ ЧӀанкӀаца цониги гӀараб рагӀи хӀалтӀизабун гьечӀо, цӀаралги, нильер мацӀалъулъ щулалъарал, нилъеда киназдаго ричӀчӀулел рагӀаби гурони.

ЧӀанкӀал яцалъул, ПатӀучил яс ПатӀиматица бицана жиндирго ЧӀанкӀалги ккун букӀанила ТӀалхӀатил гӀадаб лъугьа-бахьин.

Цо заманаялъ ЧӀанкӀа, гьебго мутагӀиллъи гьабизе ккун вукӀана Гуржиялъе. (ПатӀиматида лъалеб гьечӀоан мухӀканго киб бакӀалда вукӀаравали; нижеца кьолеб буго гьелъ бицанихъе). Гуржиялъ гьес цӀакъ дагьаб заман гурони бан гьечӀо. ТӀалхӀатихъго гӀадин ЧӀанкӀахьги рокьи ккун буго цӀар бугеб тухумалъул ясалъул. Гьеб гӀадамазда тӀатингун, ЧӀанкӀа рокъове, росулъе тӀуризе ккун вуго. ТӀалхӀатида хадуб гӀадин, ЧӀанкӀада хадуб кечӀги бачӀун гьечӀо.

"ТӀалхӀатихъе" абураб кочӀольги батӀи-батӀиял бакӀазда бахъараб гьеб кочӀольги руго данде кколарел бакӀал.

## ТӀАЛХӀАТИДЕ

**Дирго ракӀ тӀун араб тӀавус бихьизе**
**ТӀаде магӀарухъе яхине анищ.**
**ТӀад къотӀун хъамураб хъергъу цӀехезе**
**Хундерил боялда тиризе анищ.**
**МагӀарухъе унал хъахӀилал накӀкӀал**
**Хъван битӀани кагъат тӀобитӀиларищ?**
**Хунзахъе щолелъул, шамалъул гьури,**
**ГьитӀинабго сайгъат босе кӀвеларищ?**
**Маргъалул гьажилда гъаргъар бан буго**
**Бицун хвараб рагӀул хиялал гьарун.**
**Бугебниги канлъи босулеб буго**
**Росу лъаларев дур хӀисабал гьарун.**
**Унго мутагӀилав, тарайищ рехун,**
**Тушманзаби рохун, хъахӀбаби рельун,**
**ТалихӀ кьун вохаги кӀвелищ барщизе,**
**Гьал мацӀихъабазул мурадги гьабун.**
**Гьанже мунни анин, адин дунги тун,**
**Унго, ракӀ киб бугеб, квелъ бачӀеб барти.**
**Квер босулеб бугеб нижер росулъан,**
**Вуссунеб руссен щиб, сабураб хъергъу.**
**Сабруяб дир чорхол чара хун бугин,**
**Чан росудай буго бальго рещтӀунеб.**

Балъго чан гъудулдай  дун гIадин тарай,
ГIелму гъуинлъизе гъабун рокьигун.
Дир бадисан унеб магIу бихьизе
Хьухьикьан буцIцIунеб цIадахъ балагье.
ЦIа рекIун бухIулеб хIухьел хъаллъизе
Хьиндал кIкIалабахье накIкIихъ балагье.
Унго, магIарухъа ятарайанищ,
Талан жаниб чIараб росу бихьизе.
Байдаби тIогьолаб бакIалъубанищ
ТIолалго урхъараб хъергъу бихьизе.
Хъван кагътал кодой кьун, рокьиги малъун.
ЛъикI йикIаян тана дун талануца.
Теларилан абун къотIиги гъабун,
Къвал щайзе чучараб, чукъаби гIемер.
Бода кьили чIвараб кьибил къулана
Къадар гьечIев дуда дун кIалъанилан.
Къоялда нур барай дун басралъана
Росу лъаларев духъ балагьунилан.
МугIрузда сверулев  Хизри авараг
Халкъалда суранин  мун сабаблъун дун.
Хваразда рухI лъолев ГIиса авараг
Мун сабаблъун гурищ гаргалел ругел.
Месед хъванин абун хъирин холаро
Халкъул гIалам тела дица гаргалел.
Гудраде ккканани гъалбацIги ккола
Ккуниги кIваричIо дун махсароде.
Зодой бахунеб чан кверде босарав,
Мусанип тIад къотIи къварилъи гуро,
Къуръангуму хIадис хIохь бан гьекъарав
ГIалимчи сабаблъун суре абе дун.
Ал гIалимзабазда гIелму малъарав,
ГIалимчияс гурищ рокьи малъараб.
ГIакълу бугелщинал кверде росарав
Мусанипас гурищ балай цIалараб.
ГIелмуялъул цIураб керен чучидал
Чаран, махх  гурелъул чучун ятила.
Чорхолъ хIал хисулел сабабал хъвайдал
Хъазнил чугьин гуро  чакаралъул гьан.
Малаикзабаца гIелмуги малъун,
Дун гIадал гьайизе вачIарав вахIи,
ХIурулгIинзабазул тIабигIатги кьун
Дун тIаса йищарав зодил малаик.
Керен суданиги сабру гьабуна
Сабруяб лочнода чи  кIалъалилан.

**Чорхол яхI хваниги лъазе биччачIо**
**Дун сабаблъун хъергъу хъублъилебилан.**
**Боржунеб хIинчI анищ, хIалкIолев Аллагь,**
**ХIужраялда кIалтIа бусен гьабизе.**
**ХIежалъул басмалъун ятарайанищ,**
**Тамахал квераца кверде восизе.**
**МутагIилзабазул дида тушманлъи**
**Тайланица тараб мажгит хьихьарал.**
**Росдал къадиясул дида чIегIерлъи**
**ЧIухIараб лочное хIилла гьабурав.**
**ЮхIун дун хваниги, хIакъ гьечIин абун,**
**ХIадис тапсиралда аятдай буго,**
**МахIрум гьаюнани кири хъвалилан,**
**КибгIаги батундай мутагIиласда.**
**МагIарул гьороца гьогьомулелъул**
**Дунни гьелегьана дур гьури чIвайдал.**
**Дие щвараб пайда гьелегьараб цIа.**
**Хунздерил иццул лъим цIорораблъидал,**
**ЦIа дида бакана, мун кIалъалаго.**
**Дагъистан урхъараб берцинлъиялъул**
**Дий батараб хайир хвезегIан ургъел.**
**Халкъалда рагIараб пасахIаталъул**
**Рохьдолъ карман кколеб квелъ бачIеб барти**
**Кивехун вуссундай дун кIочон тарай,**
**Дир кверде ругьунаб гьагаб итаркIо**
**Гьудул лъикIай щунда,й дун рехун тана.**

Гьаб кечI ккола ЧIанкIаца хъварал кучIдузул бищунго цIакъ гIадамазда гьоркьоб тIибитIаразул цояб. Ясалъул цIаралдасан хъвараб букIиналъ батизеги бегьула.

Гьаб кочIолъ нилъер ракI рекъолареб жо ккола рокьи ккарай ясалъул, чIужугIаданалъул жанисеб дунял рагьун гьечIолъи. Ясалъ абулебщинаб рагIи чIужугIаданалъе хаслъиял гурел, гIолохъанчиясул кIалдир рукIине бегьулел рагIаби руго. Мисалалъе, "Аминатихъе" абураб кочIолъ чIван-къотIун ЧIанкIаца хъвалеб гьечIониги, бихьулеб буго рекIел хIалуцин, чIвалеб буго чIужугIаданалъ угьулеб хIухьел. Гьаб кочIолъ нилъеда гьеб батуларо. Амма чIужугIадан жиндирго рокьул бицине тIами доб заманаялъ букIана адабияталде жанибе бачIараб цIилъи. Гьаб кечIги ккола ЧIанкIада хъваян гьарун хъвараб, довго БакьагьечIиса ГIабдулагьил ТIалхIатиде гьабураб. Амма гьанжесала ТIалхIатихъ рокьи ккун букIун буго БакьагьечIиса ясалъул. Цебе, Рихьунив вугеб мехалъ ТIалхIатихъ ккараб рокьуе квалквал ясалъул тухум-кьибилалъ гьабун букIараб батани, гьанжесала рокьи тIубазе течIо живго ТIалхIатил эбел-инсуца. ТIалхIат барщун вуго эбел-эменгун, инсудаги васасдаги гьоркьоб рагIиги ккун, ТIалхIат ЦIоралде ун вуго. ТIокIав гьев тIад вуссинчIо, ЦIоралда хвана.

Ясалъ гьарун, ЧІанкІаца хъвараб кечІ ТІалхІатида хадуб ЦІоралде битІун ун букІун буго. Амма щвараб щвечІеб лъидаха лъалеб….

## ХАЛКЪАЛЪУХЪЕ ЩВАНА….

Гьаб кечІ 1927 соналъги БуцІраса Баширил МухІамадида лъалеб батун гьесдасан хъвана МухІамад Инкачилас Гьаб кечІ нахъе цІунун батана Дагъистаналъул историялъул, мацІазул ва литератураялъул иститутaлда 161 абилеб номералда гъоркь ругел рукописазул фондалда. Баширил МухІамадица рикІкІараб кечІги нахъе цІунун батараб кечІги данде кколеб буго. Гьенисан босун лъуна Гиничукьа МухІамадсагІид СагІидовасги, жиндицаго данде гьабун, 1963 соналъ бахъараб ЧІанкІал тІехьалда.

## РЕКІЕЛ ГЬУДУЛАСДЕ ГЬАДИЯТ ХЪВАЗИН

**РекІел гьудуласде гьадият хъвазин,**
**Гьинал рекІел бухІи баянги гьабун,**
**Гьалмагъасде дагьаб угьун чучизин,**
**Чорхол хІал хисулеб саламгун цадахъ.**

**Хъергъуялда дирго дардал рицинин,**
**Дир черхалъул чара чапун иналде,**
**Чорхол куц берцинихъ биччалин магІу,**
**МугІрузде тІинкІани тІад хер бакъвалеб.**

**ТІогьоде хьвадулеб хьиндал наялде,**
**Дун йигеб куц бицун, калам гьабизин.**
**Кинниги бицараб рагІи букІиндал,**
**ГІамал берцинида лъазе гьабизин.**

**Гьавадул ханлъи кьун хвезе тарасде**
**Хъван почалда лъезин гьитІинаб кагъат.**
**Каранзул къварилъи, къирбалалъул цІва,**
**ЩІер гІадин бицинин балагьун вихье.**

**Эменги кьаллъанин, кьурараб месед,**
**Кьер берцинаб тІогьол тІагІам цІцІунилан.**
**Кьибилги барщанин, дир берзул канлъи,**
**Бицанщинаб рагІи гІунилан абун.**

**ГІолилалщинаца гІайибал чІвала,**
**ЧІухІараб лочноде дун чучунилан.**
**Чохьол эбелалъги угьун биччала,**
**Аман бачунелъул, диде балагьун.**

**Дие гІазабалъе рокьиги малъун,
Бокьухъе йикІаян кІочон тана дун.
Гьалдолеб каранде загьруги тІинкІун,
ТІерхьун ун ватана Тифлисалде мун.**

**Теларилан абун къотІиги гьабун,
Къанщун магІил тІолей, тана дуца дун.
Дир керенги кванан, кепалги росун,
Камил ун рагІула гІурус рахъалде.**

**Хъван кагътал кодой кьун, рокьиги малъун,
Малаик ун вуго, аб росуги тун.
Росдада сурана, дун басралъана,
Вай, мун лъаралдаса дир лъай босана.**

**РакІалъ гьабулареб хиялги гьечІо,
Огь, мун хваяй эбел, дун щай гьаюрай?
Черхалъ баккулареб гІамалги гьечІо,
Гьардарав БетІергьан, дун щай йижарай?**

**Боржунеб хІинчІ анищ, хІалкІолев Аллагь,
ХІакъикъат бицине цо мун вихьизе.
Мун вугел хъулбузда хъахІмикки анищ,
Хъалаялъул тІохда тІавап гьабизе.**

**Дуца росу тезе чІван чиги гьечІин,
ЧІегІерлъарабго щай вижараб росу?!
Росулъ мун толарев тушманги гьечІин,
Толеб щайха хвезе гьабураб къотІи.**

**Гьудулгун кьаллъизе, кьибил рихине
Кьолеб херищ бугеб, хазина, дуе?!
Михъал кьурун, кІал чІван, бералги гьекъон,
КъотІи холеб буго лугбал чергесил.**

**Ячинилан абун, керенги кванан,
Киве ворчІизе къасд, гьадин дунги тун?
Гьадинан гІумруялъ гІадан танани,
ГІазабазул цІеца вухІиларищ мун?**

**Мунилан холей дир хиялги гьабун,
Хъван цо кагъатниги кин битІулареб?
Каранда лъураб квер ракІалдеги щун,
Шамсул-фалакалде гьадият битІе.**

**Гьабун тараб рокьи хвезе течӀого,**
**Телалъниги бице бугеб багьана.**
**Гьаваялъул лачен чорхолъги босун,**
**Сири бан, сорола нусабго лага.**

**Радал канаб моцӀрол цӀар лъаралдаса,**
**ЦӀорона дир керен квешаб хӀалалда.**
**Кодобе квер босун, салам гьабидал,**
**Гьавадул цӀад бана, дир цӀар къотӀизе.**

**ЦӀоралъул мусудул мунилан хваяв,**
**Холей йигин, гьудул, гьабе цо сабаб.**
**Гьавадул малаик, мунан зигардун,**
**Зулму щолин тӀаде щибдай гьабила.**

**Щобазул багӀарбакъ, якъвалей йиго,**
**Къирбалалъул гьудул, гьава тӀаде щун.**
**Гьаваязул Хизри, холей йигейлъи**
**Лъаларищ хӀалада, хӀанил васикӀо?**

**Сивудул гордуниб гургинаб жавгьар,**
**Женаз бицунарищ дида бугеб хӀал?**
**Дир завал къалъулеб лайлатул къадир,**
**Къаси макьилъгӀаги тӀамичӀищ цее?**

**Мунин абун адин дун хвелароан,**
**Хадуб хъвайяб рокьуд боркьана керен.**
**Кидаго мунилан угьдилароан,**
**Агь, берзул балагьи гӀуна балагьлъун.**

**БацӀцӀунго дир гӀакълу духъ инароан,**
**Дуца, хъат бан, керен кваначӀебани.**
**ЧӀаго гӀазабалде дун ккелароан,**
**Дудехун балагьи бегьичӀебани.**

**Инсул кьибилалъул кьучӀав ханлъидал,**
**Кьурун юссинчӀого, балагьарай дун.**
**Кьалбал месeдил вас воссе хапдолел,**
**Хвалил унти чӀварал кьерилал ратун.**

**Хадуй балагьиялъ паналъунги ккун,**
**Паналъана дунги, пулияб маргъал.**
**Гъулдулъе чундулги чапун ратидал,**
**Дунги чучун кканин, чорхол куц берцин.**

**Чалухъалщиназе дур цIар бокьидал,**
**ЦIаруе гьабураб гьуинаб рокьи**
**Гьогьомизе тоге, вачIа рокъове,**
**ВахIай лугбал черrес, чучулей йигин!**

**Чорхолъе мун виччан, хIисабги гьабун,**
**Гьаваязул Хизри, холей йигин дун.**
**Хиялазул чода чангиталги ран,**
**Чалухъай йикIарай кIал къотIун йиго.**

**КъвекIаб цIум цIоралде цIабуцIун индал,**
**Ануширван гIадин, щущалей йиго.**
**Щобал гирун нахъе мун аралдаса,**
**Ургьиб цIаги бакун, керен гьалдола.**

**Гьадинцин теладай тайланицаян**
**Тиризе бачIуна цо-цо къватIазда,**
**КъватIалгун нухазда ватилев гIадин,**
**ГIадада яхъарай нахъа йигьуна.**

**Гьудул араб нухлул хIисабги гьабун,**
**ХIал дагьлъун юссуна инсул рокъое.**

**Сабураб черхалда чапун гIетIги бан,**
**Чорхол ияхIги хун, уна лъадае;**
**Лъадал цIолеб гIеретI магIицаги цIун,**
**ЦIорораб керенгун щола къавутIе.**

**Щоларо мун кодой, ккола дун гIодой,**
**ГIадамал, хIайванал, хIатта хIутI-хъумур,**
**ХIалалъухъ балагьун, угьунги биччан,**
**Унеб нухда чIола, диде балагьун.**

**Балаялъухъ балагь, гьавадул гIазаб -**
**ГIелин инсаналъе къварилъийилан.**
**Къорикь чанил гIумру, гIазизав гьудул,**
**Гьанже диралдаса гIемер бокьила.**

**Рокьул гьуинлъиги кьалул кьогIлъиги,**
**Бицине лъаларо, буго цо магIна.**
**МугIрул ритIучIилгIан чIурканаб лага**
**ЧIалгIаде гьабуна гьаваялъ хвезе.**

**Хунздерил боялда цIар рагIарай дун,
Дуца цIар рехседал, цIар къотIун ккана.
ЦIорол шиша гIадаб халатаб габур,
Дуца къвал жемун тун, гIодой къулана.**

**Ингилис ханасул хиял ккарай дун,
Халкъалда сурана дур сабабаца.
Сверун авал-къоно къалъараб дир черх,
Дуца, къоралги гъун, къосинабуна.**

**Къуръанул аятгIан магIна тIокIай дун,
Мунагьалде ккана, дуца течIого.
Тифлисалда сардар сагьвиллъарай дун,
Сурана кьолбода, кьаллъана мунги…**

**Росасул рокъое къачIан йикIарай,
ЧIалгIине гьаюна, гьерсалги рицун,
Гьабиларин рокьи, бакьан гурилан,
Кьурун юссаниги, течIо дун жийго.**

**ГьитIинай йигилан, гьава гьечIилан,
Гьарун абуниги, инчIо рагьдаса.
Эбел-инсул бетIер къотIиларилан,
КъвакIун дун чIаниги, чIечIо хIалалда.**

**Дир бицараб рагIи, гьабураб къотIи,
Гьарун рачIараца чIван хвараб явлухъ.
Хвелго бигьайилан, бегьуларилан
Гьарун чи витIана чанги эбелалъ.**

**Чорхол хIал лъан хадуб, хванин хIалтIиян,
ХIал лъазе биччачIо бегьунгутIигIан.
Бергьараб хIасраталъ хIал гьабуниги,
ХIал ккун чIун йикIана, кIулал ран, жаний.**

**КIалтIа  хъаравул тун, хъорщол рукъзабахъ
Заман чанги ана чучиларилан.
Щвани, итаркIоялъ толареблъи лъан,
Таманаб мех бана инсул рукъ цIунун.**

**Диде хиял букIин халкъалда лъайдал,
Дирги хиял лъуна хурхун лъикIилан.
Хъамунги тунгутIи телалъ бициндал,
Танкан чучун чIана чорхол рухIасда.**

**Чундузулъ бис чIвалеб чIухIараб лачен,**
**ЧIалгIараб хIал буго духъ ХIабибатил,**
**ХIурулгIинзабазул ракIазул анищ,**
**Унаро цереса кверзул ишанал.**

**Алжанал рагьулеб жавгьаралъул кIул,**
**КIалдиб мацI батула мунан тирулеб.**

**Макка шагьаралъул шагьлъун таниги,**
**Тезе бегьуларо дуца дун жийго.**
**Дербент улкаялъул кверщел щваниги**
**Кисаха, вокьулев, дун чидай уней.**

**Унго нуж гьардарал дандиял ясал,**
**Росу тун арасул ургъел тIад гьечIел.**
**ТIадеги дахIалал, даран битIарал,**
**ВатIалъун гьудулгин гьаглъун хутIичIел.**

**Я Аллагь, ккогеги дир гIадаб рокьи!**
**Вокьаниги гьудул данде кколарев,**
**Бегьугеги, яцал, гьадинаб балай,**
**Гьалмагъ вихьичIого ракI сасунареб.**

**Сири бан, соролел лугбалги ругин,**
**Дица щиб гьабилеб, чехьалъул эбел?**
**Чорхол гIакълу хисун, гIадаллъун йигин,**
**Лъиде дун кIанцIилей, кIоларин чIезе?**

**КIалдиб мацIги цIорон, цIар къотIун бугин,**
**Къадизаби ахIе, рухI босилалде.**
**Рогьалилъ цIер гIадин, цIоронин дир черх,**
**ЩIализе чи ахIе, хIал дагьлъилалде.**

**ХIухьел лъугIилалде дида кIалъазе,**
**КIвеларищ вачIине, чалухъав гьудул.**
**Чорхол дарман хвараб, дару тIагIараб**
**ТIамугеги бичас гьадинаб унти -**
**Свин гьечIеб цIадуца цIилалги рухIун,**
**РухIалил хIухьлаца хIалуцараб ракI.**

Щибав шагIирасул букIунеб жо буго жиндирго гьунаралъе цIи-цIиял нухал ралагьи. Гьеcда цIилъи чIвазабичIого чIезего кIоларо. Кидаго гуро гьев битIун кколев. ГIемерисеб мехалъ гьев жиндирго гуреб бакIалда квалквадилев ватула. Амма гьединан хIалал рихьун гурони, жиндиего хасаб къагIида батизеги кIоларо..

Нилъее рес щвечIо гъединан мухIканго ЧIанкIал творчествоялда хадуб хал кквезеги, гъес нахъа тараб нухалъул хIисабал гъаризеги. ЧIанкIаца хъванщинаб асар жегиги кодобе щвечIо. Амма гъаб кочIолъ якъинго бихьулеб буго, гъев тIаса-масаго литуратураялъухъ валагьун вукIинчIевлъи. БитIараб буго ЧIанкIаца гIемерисел кучIдул цойгидал гIадамазул унти загьир гьабун хъвана, амма киназдаго бичIчIулеб батила цохIо гьарун вачIарав чиясул мурад тIубай гуребги, гьес хъвараб къагIидаялдеги кIвар кьолеб буго.

ЧIанкIаца гьаб кочIолъ хIалтIизабун буго тIубан батIияб кочIол гIуцIи. Нилъер мацIалда гьеб къагIида рекъон ккей-ккунгутIи батIияб суал буго, амма ЧIанкIаца хIал бихьун буго тIубан цIияб жо нилъер литератураялъулъе бачине. Гьадинаб къагIидаялда хъвараб кечI доб заманаялъ букIинчIо. Хадубги букIинчIо, гIицIго ЦIадаса ХIамзатица хIалтIизабуна гьеб цо чанго кочIолъ.

Гьаб кечI ЧIанкIаца хъварал цойгидал кучIдузде данде ккураб мехалъ, батIияв чияс хъвараб бугиланцин ккола – гьедигIанги батIияб буго. Гьедин тезецин бегьилаан образал ЧIанкIае хасияталъ, гьесул гьунаралъ гIуцIарал рукIинчIелани. Гьеб гуребги нахъе хутIун буго ЧIанкIал квералъ хъвараб гьаб кочIол авал. Гьелда буго хъвараб сонги: I902 сон. КечIалда цIар ЧIанкIаца лъураб буго.

## ГЬУДУЛАЛДЕ ХЕХАБ КАГЪАТ

**Салам хъвазин гьудулалде панаяб,**
**Гьинал рекIел биялъ басун гIащикъаб,**
**Санаъ-дугIа гьалмагъалде урхъараб,**
**Ургьиб жаниб жиндир гьава бессараб.**
**Беразул нур кагъаталде чвахараб,**
**Черхалъул рухI ракIгин цадахъ бахъараб**
**Мехтараб ракI бигьиналъе угьараб.**

**Амма багIду**
**Гьелда хадуб Мурад буго хIасратаб,**
**ХIалуциндал гьудулалде кIанцIараб.**
**Гьаб сагIаталъ жавабилан ахIтIолеб,**
**Жакъа нахъ буссинчIого гIолареб,**
**Гьудулалъул хабар бицун бачIунеб,**
**Хиса-баси баян гьабун буссунеб,**
**ГIадамазул калам буго кутакаб,**
**Дир кодоса гьудул анин абулеб.**
**Дида алда божун чIезе кIолареб,**
**Гьудулалъул дие рагIи холареб;**
**Хун батани, тананиги кIвар гьечIеб.**
**Амма гьаб дир ахIи бугеб хIелулеб,**
**ХIилла-макру гьабугеян гьарулеб,**
**Кида, гьуду,л хIисаб кколеб нилъее,**

**Нилъ хведалищ данделъулел зарраби**
**Мех щун буго рехун тезе пикраби,**

**КидаллъагІан рукъ ккун телел унтаби;**
**ЩІакъ кІудияб рекІкІ буго дий гьабулеб.**
**Гьеб хІиллаялъ хІал буго дир дагьлъулеб,**
**Гьанже къаси щиб гьабун мун йихьулей,**
**ЙихьичІони нилъер хабар къотІулеб.**
**Дица ургъел цогидалде бикьулеб,**
**Бокьралъуб нухги дица бахъулеб,**
**Нахъа гІазаб цинги дуе букІунеб,**
**Дун барахщун гьанжелъагІан цІунараб,**
**Хадуб цинги дур ракІалда бухІулеб,**
**ЮхІун, ежун мун хваниги рес гьечІеб;**
**Чан гІакъуба къулчІун ана эхебе.**
**Элъул унти ккун буго дир ургьибе.**
**Гьанже къаси маркІачІуда вачІунев.**
**Дун дур рагьде гьаб мехалда сверулев.**

**Къаси сордо сверичІого гІолареб,**
**СанагІалъи ккечІин абун чІолареб.**
**ГІадамазул рухІи нилъей кколареб,**
**Элъул амру Аллагьасде тІамулеб,**
**МацІихъаби рохунги нилъ чІоларел.**

Гьаб цІарги лъечІого бахъулеб бугеб кочІолъ руго киназдаго лъалел мухъал:

**Алжаналда жаниса**
**Жакъа ячІун ятила**
**Жеги черхалда гьугьен**
**Гьурмада бакъ чІван гьечІо.**

"МахІмудил хІакъалъулъ харбал" – илан цІарги лъун къватІибе бачІараб тІехьалда Зайирбег ГІалихановас бицанилан хъвалеб буго: "ЧанкІа хІалтІулев вукІана Рихьунив, гьенив цІалана, гьенир хъвана кучІдул. Цо нухалъ гьевги МахІмудги данделъана ансадерил годекІанир, гІодор чІана лъадаре унел киналго ясал рихьулеб бакІалда, къотІи гьабуна гьезде цо-цо кочІол мухъ гьабизе. Ансадерил ясал рукІана ратІлида гІуцІарал, гІин кверaлда гІарац-меседалъул тІагІелал гьарзаго рарал.

– Алжаналда жаниса жакъа ячІун ятила

Хадубго ЧІанкІацаги абуна:

– Жеги гьури, гьава-бакъ гьелда хъван батиларо.

Щибха ккараб? ЧІанкІаца жиндирго кочІолъ МахІмудица годекІаниб абураб рагІийищ лъураб, яги годекІанивги вукІун ясазда хадув гаргадилев ЧІанкІа вукІанилан абураб рагІийищ гьереси? ЩІакъ божизе захІматаб жо буго. Ансадерил годекІанги бищунго лъикІаб бакІ батиларо кучІдул гьари-

зе. Цересан унел ясазухъ валагьун, ЧIанкIа тIасан гаргадилев вукIанилан абураб рагIудаги цIакъ захIмат буго божизе. МахIмуд ЧIанкIадаса гIодобегIанисан бачаниги, анкьго-микьго соналъ гьитIинав вуго, гьел кIиялго ккола батIи-батIияб гIелалъул ва батIи-батIияб гIамал-хасияталъул чагIи: ЧIанкIа Рихьунив хIалтIулев вукIана гIага-шагарго I903-04 соназ, гьелдаса хадубги.

Гьеб заманаялъ ЧанкIае букIана кIикъого гIанасеб сон. Гьев вукIана гIадамазда гьоркьов рикIкIунев, къимат бугев цIаларав чи. ГодекIанив ясазда хадуб кочIол рагIаби рикIкIунев чи вукIинчIо.

## ГIЕНЕККЕЯ, АХIБАБАЛ

**ГIенеккея, ахIбабал,**
**АхIизин дагьаб шигIру,**
**Шавкъалъул цIураб керен**
**Кагъаталде чучизин.**

**Кинацаго гIинтIаме**
**ГIолилалъул сипатахъ**
**ГIалам къалъулеб бакъул**
**Манакъибал рицинин.**

**Дунял берцин гьабизе**
**Гьаб ракьалда йижарай,**
**Жавгьаралъул саназул**
**Сияратал рикIкIинин.**

**Сардилъ моцIалъ жиндасан**
**Нур бикъулеб гьурмае**
**Гьабизин дагьаб санаъ**
**Сайигъатлъун битIизе.**

**Загьрат ЗухIал гIащикъаб**
**ГIажаибаб черхалъе**
**Хиял гьабун угьарал**
**Алфазал хъван рикIкIинин;**

**Алжаналъул хIавраал**
**ХIасралъарай халилат**
**Халкъалъе къиблалъун кквей**
**Бахъун казият хъвазин.**

**Йихьанщинал хIайранал**
**ХIурулгIин росулъ гIедал,**
**ГIадлу хванин лугбузул,**
**Хиялазул унти ккун.**

**Халкъалъул ракI бахъизе**
**СогIад йижаралдаса,**
**Дир черхалъул тIабигIат**
**ТIолгосеб хисун буго.**

**Зобалазда ракI лъурай,**
**ГIаршалде хиял бугей,**
**Бакъул къадру бугилан**
**КъутIбуян дагIба бугей;**
**Черхалъул сима - гIамал**
**ГIадамазе бижичIей.**

**ГIажаибаб напсалъе**
**Басинин дагьаб санаъ.**
**Машааллагь ал ясалъ**
**Элъул гIамал-тIабигIат,**
**ТIад ретIунеб формадул**
**Фабрикалъул батIалъи.**

**Гьал ясазул полкалъулъ**
**Дур чиналъул кIодолъи,**
**Дуе час ккун гурони,**
**Чиновник кIалъаларин.**

**Дур ссиялъул борхалъи,**
**Берцинлъиялъул тIокIлъи,**
**ТIолго гьал ясалазул**
**Салдарлъуда дур рекъей.**

**СанагIаталъул цIакълъи,**
**Къадруялъул камиллъи,**
**Кинабго анищ рекъон,**
**Гьудул йижун йигеб куц.**

**Жавгьаралда рухI лъолев,**
**РахIмат кIудияв Аллагь,**
**Унго хIакъ батиладай**
**ХIалхьезегIан еццани.**

**ХIалкIолъаби рицине**
**Сурат бижарав халикъ,**
**Хъваладай дие мунагь**
**Дур нигIмат бицунилан.**

**Рокьул сурат бахъараб**
**Сипат рекъараб къутIбу,**
**Къиблалъун мун ккуниги,**
**Какилъ гъалатI ккеларо.**

**Хиялазе йижарай**
**Жисму чIухIарай хIавраъ,**
**ХIаж-гIумраялъул рукну**
**Камила йихьичIесул.**

**Зоб-ракьалда нур базе**
**Бакъулъ къец ккараб гьумер,**
**Гьаб ракьалда мун йижи**
**Божулеб хабар гуро.**

**Халкъалъул ракI хьихьизе**
**Зарбу кьабураб сурат,**
**СубхIаналлагь, дур чорхохъ**
**Дир чара хун бугеб куц.**

**Алжаналда жаниса**
**Жакъа ячIун ятила,**
**Жеги черхалда гьогьен,**
**Гьурмада бакъ чIван гьечIо.**

**Гьаб бихьулеб сурат-куц**
**СихIру гуреб батани,**
**Халкъул гIалам-мугIжизат**
**Мун гIелин гIаламалъе.**

**Гьаб ракьалда свердизе**
**Рухсат дуе батани,**
**Таманав чи вухIила**
**ХIасраталъул цIа рекIун.**

**ХIакъаб жо инсанасде**
**Къасд дур бугеб батани,**
**Васал гIумруялдаса**
**ГIемерал ратIалъила.**

**Балагьарав гьаглъулеб**
**Гьурмада аят бугин,**
**Алжанул хIурулгIинан**
**ХIавацаги бицуна.**

**АскIой къарав вухIулеб**
**ХIасратаб лага буго**
**Бераздаса нур босун,**
**Васал гIажиз гьарулеб.**

**Лугбузул тасбихI бугин**
**Тел кьабун гаргадулеб**
**Дару-саламалдаса**
**ГIунайзатил тахиде.**

**РакIалъе тадбир бугин**
**Берцинго черх цIунизе.**
**Билкъисица тах гIадин,**
**Дун гIадав тIад тезегIан.**

**Бахьинаб гьумер бугин;**
**Балагьизе кIолареб,**
**Бакъул гIадинаб нур чIун,**
**Берзул канлъи босулеб.**

**Калам бугин лазатаб,**
**Татуялъ ракI мехтулеб**
**Данде жаваб гьабизе**
**Пикруялъе толареб.**

**РетIунеб форма бугин**
**Фабрик жиндир батIияб,**
**ТIад ретIиндал кьурдулеб,**
**Кьер-кьераб нур лъугьунеб.**

**ГIадатIа явлухъ бугин**
**Бахъараб зарбу гьечIеб,**
**Цогиялъе къотIараб,**
**Къажар тукада гьечIеб.**

**Черхалда сундус бугин,**
**Сидраталда бессараб,**
**Сайигъатлъун битIизе**
**ТIад накъищ цIар гьабураб.**

**Хъварал аятал ругин**
**Алжанкьедил ратIлида**
**Дунялалъул инсалъе**
**Самаъ ай йигин абун.**

**БикIараб мугьру буго**
**Пулюш хъабалуялда**
**Гьаб ракьалъул камиллъи**
**Дур кодоб босанилан.**

**Билкъисил сарир анищ**
**КъулгIадул тIохда лъезе.**
**Зобал канаб кармангъур**
**Копое тIад рещтIине.**

**Щаддадил Ирам анищ**
**Гьаб нилъер росулъ лъезе,**
**Сардида гIифрат битIун,**
**ТIавус жаниб биччазе.**

**ТIегь чIухIараб гIидраялъ**
**МагIру гьабун рагIула,**
**Гьанже берцинлъиялъул**
**Дугъ дуде буссанилан.**

**Фирдавсалъул нисааз**
**Сайигъатлъун йитIарай,**
**БетIергьанас халкъалъе**
**Хиялазе йижарай.**

**Рокьул дангъва кьабураб,**
**Кьер берцинаб чорхое,**
**Чанги сипат бугоан**
**Анищ ккараб гьабизе.**

**Гьаваялда лочноца**
**Час кьолеб лагаялда,**
**Чияца къвал балилан**
**Вакъвалев гьечIевани.**

**Къудусалъул ясазул**
**Салдарлъи щварай Ширин.**
**Чорхол къадру хвела дур**
**Къвал чияца жемани.**

**Гьанже бугеб чIухIиялъ**
**ЧIчIел духъе кьун бугебин,**
**Сси хвараб агьлуялда**
**АскIой къазе йикIунге.**

**Мун яхунеб тIохалда**
**ТIавап гьабизе щвани,**
**ТIад бугеб как кIочонев**
**Чанги хIалихьат вуго.**

**Мун жаний йигеб рокъоб**
**Къадада бер чIваниги,**
**КъваригIел тIубанилан**
**ТIад лъолеблъи лъай дуда.**

**Мунилан угьдулареб**
**Инсанияб рухI гьечIин,**
**Гьудул хисун хадуб мун**
**Халкъалъе басралъулей.**

**Халкъул гIалам мунилан**
**ГIодоб ккун хвананиги,**
**Дун тун , чиясе ине**
**Изну дуе гьечIебин.**

**ГIакълу бугелщинаца**
**Лъияб бицананиги,**
**Пикру гьабун бихьани,**
**ЛъикIаб дудаго лъала.**

**Умумузул кицаби**
**Рицун эл лъугIиларо,**
**ГIабдал гурелъе гIела**
**Цин бицараб цо рагIи.**

Гьаб кечI лъазе кIвечIо ЧIанкIаца батIияс хъваян абун хъварабищ яги жиндирго унти загьир гьабун хъварабищали.

ЧIанкIал киналго анкьго жугьабаздасан гIуцIарал кучIдузулъ гIадин, гьаб кочIолъги хIалтIизарун руго халкъиял кучIдузул къагIидаби.

**КIал пасихIаб милъиршо,**
**Ихдаде чIичIидула.**
**ЧIалгIаде кIалъаниги,**
**ЛъикIго керен чучула.**

**Чара хвани лочноца**
**Гъадилгун чан гьабула,**
**Гьунар бугес кIал чIвала**
**ЧIегIерал дур беразда.**

"ТIинай жо" цIакъ машгьурлъараб кечI буго. Амма нилъеда лъаларо ЧIанкIаца кида хъвараб гьебали. Лъалеб букIарабани нилъее рес букIана чанго цIияб баян тIаде щвезе. ЧIанкIал творчествоялъухъ гIатIидаб бер балагьи гьабизе. Мисалалъе гьаб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

**Кинида лъималазцин**
**Бицен гьабулеб буго….**

"Бегуниде" абураб кочIольги руго гьединал рагIаби:

**Ургьиб бугеб лъимер данде кIалъала**
**КIалзул жавабазул жугьа рагIани….**

Гьеб кIиябго кочIол кинаб цебе кинаб хадуб хъварабали лъазе рес букIарабани, якъинго бичIчIизе кIвелаан ЧанкIаца образал гIуцIулел рукIараб къагIида. Хасго ЧIанкIаца батIи-батIиял кучIдузулъ, батIи-батIиял рагIабаздалъун цого пикру кьолелъул, кинаб цебе хъвараб бугебали лъани, нилъее гIемераб жо рагьулаан. "ТIинай жо" кечI нахъе цIунун батана ГI. ГIусмановас ва Хьаргабиса ГIалиевас. Нилъехъе гьеб щвана I940 соналъ.

## ТIИНАЙ ЖО

**Рокьи ккарал зигардун**
**Зобалазде ахIтIедал,**
**РещтIарайищ халкъалде**
**ХIабайрадул Зулейха.**

**Халкъалъул Аллагьасде**
**Расулас аман гьарун,**
**Гьасда гурхIун ятила**
**Мун ракьалде йитIарай.**

**Рокьул хатIалъ тIад хъвараб**
**ХъахIаб дур кереналъул**
**Кинида лъималазцин**
**Бицен гьабулеб буго.**

**Би-рахь жубай рекъараб**
**Къиматаб гьумералъухъ**
**Гьаваялда хIанчIицин**
**ХIулун тIагIунел руго.**

**Рии чIовулъ чIороло**
**ЧIахI-къулалъулъ свердула**
**Дуда лъикI рихьизеян**
**Хьвадула гIолохъаби.**

**Бакъан лъикIаб ихдалхIинчI**
**Байдабазда тирула.**
**Турулеб бугин керен**
**Рокьул къавагIидазда.**

**РакI гIанчIаб гугьум тагьи**
**Бартигун басандула**
**Бицине хабар буго**
**Халикъас къуват кьуни.**

**ТIегь бан, мегъ берцинлъигун,**
**Гагу ахIдезе лъуна**
**Мун гурхIун, бер тIамуни,**
**ТIокIаб жо кIваричIоан.**

**КIал пасихIаб милъиршо**
**Ихдаде чIичIидула,**
**ЧIалгIаде кIалъаниги**
**ЛъикIго керен чучула.**

**Чара хвани лочноца**
**Гъадилгун чан гьабула,**
**Гьунар бугес кIал чIвала**
**ЧIегIерал дур беразда.**

**Борхаталъуб хIубара**
**ХIакъай ХIавал Нафисат**
**ТалихI кьурас къвал бала,**
**КъутIбуяб лагаялда.**

**Къиблаялде пачаяс**
**Тахида сурат хъварай,**
**Сабру тIагIараб мехалъ,**
**ТIаде къулун гIодизе.**

**Къойилго хункарасул**
**Казиятал рахъана,**

**Дуда бер чIвачIеб дунял**
**ЧIаго жужахI бугилан.**

**Шагьасул столалда**
**Свери меседил наблик**
**Мун къватIи яхъунаго**
**Авал-къоно къалъула,**
**Къорели киназзабаз**
**Кеп гьабулеб гьацIул жа,**
**Гьалаглъи тIаса уна**
**Эбелниги йихьани.**

**Ганжаязул къажарахъ**
**Чараб къатIипадул туп,**
**КъулгIада гIодов чIани,**
**Къвал барабгIан хIал хьола.**

**ХIурулгIинзаби рекъон,**
**Малаикзаби ургъун,**
**Къойил тасбихI гьабизе**
**РухIаниюнал щваяй,**
**ЩвечIониги якьина,**
**Чорхолъ бугеб рухIгIанги,**
**Жеги тIинай жоялъул**
**ТIабгIалъулги камиллъи,**
**Коцое щийдай ккуна**
**Гьаюлелъул эбелалъ.**

ЧIанкIал гIумруялъулги гьесул кучIдузулги хIакъалъулъ гIемер жоги хъварал, гьелда тIадги хIалтIарал гIалимзабазулъ бижараб пикру буго гьаб кечI тIоцересел асараздасан цояб кколилан.

ХIакъикъаталдаги гьеб гьаб тIоцересел кучIдуздасан цояб батани, гIажаиблъи гьабизе тIамула гьелъул гъварилъиялъ. ГIолохъанчиясда жиндидаго ричIчIулел рукIарал ратани, мисалалъе, гьал мухъал:

**Дунялалъул къоял къварид риччазин,**
**Къиямасеб къоялъ шапагIат щвезе.**
**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин**
**БецIаб лахIтуялъуб хIалхьи букIине.**

ЧIанкIада хIакъикъаталдаги цIакъго гъваридго бичIчIулеб букIун буго гIумру.

Цойгиги руго гьаб кочIолъ тIаде пикру цIалел мухъал:

**Дун холев вугилан хабар бугелъул**
**Халкъалъул хIалхьезе хIехьезин гьанже…**

Кисанахун бачаниги щаклъизе тIамулел руго гIолохъанав чияс хъвараб букIиналда.

Нилъехъе гьаб кечI щвана, БакьагьечIиса гIолохъанго нилъедаса ватIалъарав, ЧIанкIал творчествоялда тIад гIемер хIалтIарав гIалимчи Бадави МухIамадовас I938 соналъ ЧIанкIал рукописаздасан босараб копиялдасан.

## ПАНАЯБ ХIУХЬЕЛАЛЪ, ХIАЙРАНАБ РАКIАЛЪ

**Панаяб хIухьелалъ, хIайранаб ракIалъ**
**РекIел гьудулалде гьабизин вагIза.**
**ГIищкъуялъ турараб керенги чучун**
**Кагъат хъван битIизин дир гьудулалде.**
**Дун холев вугилан хабар бугелъул.**
**Халкъалъул хIалхьезе хIехьезин гьанже,**
**ВухIулев вугилан бицен бугелъул,**
**Бицадего чIезин тIад цIа рекIине.**
**Дунялалъул къоял къварид риччазин,**
**Къиямасеб къоялъ шапагIат щвезе.**
**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин,**
**БецIаб лахIдуялъуб хIалхьи букIине.**
**ХIехьезин аб гIазаб гIадаллъизегIан,**
**ГIарасалде щведал диван гьабизе.**
**Дие йокьанагIан кьурун юссине,**
**Кьерберцинил хиял лъидедай буго.**
**Дир бицараб рагIухъ гIинго тIамичIин,**
**Гьудулалъул хIисаб лъилгундай ккана.**
**МугIрузул гIабдалас гIарза хъванани,**
**ГIурус падишагьас жаваб бачIуна.**
**ГIисяназул цIурав лагъ цеве чIани,**
**Вижарав Халикъас хъатир гьабула.**
**Дуца вижун гIурав гIадан гурелъул**
**ГIадан инжит гьави, гьеб зулму буго.**
**Зодоса гIодове рещтIаравгIаги,**
**Дуца нахъе чIвазе дун бегьуларо.**
**Дир хIасратаб магIил гIоралъ йосаяй,**
**Дуйго гIазаб щвелин щай хIинкъуларей.**
**Басрияб къо чIела ахIанже дуда,**
**ХIайран вугев дида гурхIичIонани.**
**ЧIагого вухIани хIакъ батила дуй,**
**Гьал дир рагIабазухъ гIинтIамичIони.**

**Мунго дуего гIун, гIадан инжитлъи,**
**Аллагьасул парзиш гьелда рекъолеб.**
**Ялъуни мун гIадан гIабдал ятила,**
**ГIадан - инсанасул санго лъаларей.**
**Сумма ялъунани чIухIи батила,**
**Берзуй чи гIоларей, гIадан хIакъирай.**
**Аллагьас какараб капураб чIухIи**
**Камилаб дур чорхолъ рекъон гьечIеб куц.**
**Илбис пасикълъулеб гьава гьабизе**
**Гьеб дурго чорхокьа щай нечоларей.**

Щибав шагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ бищунго лъикIго бицуна гьесул кучIдуз.

ЧIанкIал буго щуго кечI росасда йигей гIаданалде хъвараб: гьаб "Анкьабилеб зодобеги" "Щобазул гIансаги", "Лъукъараб ритIучIги", "Аминатихъеги","ГIенекке, хIурулгIинги".

Гьей рокьи ккарай гIаданалда цIар Аминат букIун батизеги бегьула, амма кочIода гьеб цIар ЧIанкIаца лъураб гуро. Гьелъул нилъеца бицен гьабила гьеб кочIоде щвараб мехалъ.

ХIисаб гьабураб мехалъ ЧIанкIал рокьи ккарай гIадан батIиясда йикIун йиго ва гьелъул лъимерги букIун буго.

Гьаб кечI нилъер тIехьалде ккана МухIамадсагIид СагIидовас данде гьабуралдасан ва тIокIаб кибниги гьаб рехсараб бакIги гьечIо. Гьеб кечI жеги нахъе цIунун буго Дагъистанаялъул институталда рукописазул фондалда I6I номералда гъоркь.

**Анкьабилеб зодобе**
**Даража бугеб къутIбу**
**Къасаватцин щвечIодай**
**Жагьлуялъул махI чIвайдал.**

**Пирдавсалъул кавуда**
**Квелъ бухIараб гIаламат**
**ГIабдаласул квер хъвайдал,**
**Кашпу тIаса инчIодай?**

**…Къец гьабун чIухIиялъул**
**ЧIел босарай ГIунайзат,**
**ГIадада хванин гьава,**
**Поччиясде юссиндал.**

**Дуниял берцинлъизе**
**Цо йикIарай мунират,**

**Мун гІадада хведалин,**
**Хаселалъ чІегІер бараб.**

**Замана пахрулъизе,**
**Икълим къалъараб къибла**
**Къадру гьечІелъуй ккедал,**
**КІалккул моцІалъ моцІ ккуна.**

ХІисаб гьабураб мехалъ гьаб кечІ букІине ккола цебехун рехсараб "Анкьабилеб зобалде" абураб кечІги хъван бахъинчІого, гьебги тун авторас цІидасан хъвазе байбихьараб. Гьединаб пикру гьабизе тІамулел руго, тІоцебесеб иргаялда, цого тема букІиналъ, кІиабилеб иргаялда, кечІ хъвараб къагІидаялъ, гьелъул гІуцІиялъ. КІиябго кочІолъ ЧІанкІаца хІалтІизабулеб буго халкъиял кучІдузул къагІида, фольклоралъул гІуцІи.

Гиничукьа МухІамадсагІид СагІидовас хъвалеб буго гьадинан: "Гьаб кечІ ЧІанкІал батиялда дагьаб шаклъизе бачІуна дида, щай абуни; стиль ва магІна ЧІанкІал гІорхъиялдаса къватІибе кІанцІулеб буго".

Нилъее цІакъ захІмат буго МухІамадсагІидил гьединаб пикру щай бижарабали бичІчІизе. Амма, гьабсагІат гьаб тІехь кодоб ккун бугес данде кквезе бегьула цебехун лъун бугеб "Лъукъараб ритІучІги" хъвараб къагІида – гьеб цого буго.

Гьеб гуребги  "РекІел гьудулалде гьадият хъвазин" абураб кочІолъ руго гьадинал рагІаби;

**ГІадамал, хІайванал, хІатта хІутІ-хъумур**
**ХІалалъухъ балагьун угьунги биччан,**
**Унеб нухда чІола. Балагьун диде…**

Гьединабго пикру буго ракІчІун ЧІанкІал букІин лъалеб Гулишатиде хъвараб кочІольги:

**ГІадамал хІайранаб  хІайван гІодулеб**
**ГІазаб буго дие мун лъаралдаса…**

ГьабсагІат рехсараб ЧІанкІал кІиябго кочІолъа росарал гьел мухъал данде ккве "Щобазул гІанса" абураб гьаб кочІолъ  ругел гьал мухъалгун:

**ГІарцул цІураб натІгІадаб**
**ТІеренаб лагаялда**
**ТІад берчІвани хІайванги**
**ХІал дагьлъун гІодоб ккола.**

Гьал киналго мухъазул автор цо вукІиналда щаклъи ккезе бакІ гьечІо. ЧІанкІал кучІдузда цІакъ гІемерав чи квалквадана. Хасго кочІохъаби. Гьез цо-цо рагІи, тІубарал куплетал, пикраби жидеего данде кколеб къагІидаялъ сверсведизаруна ва гьарулел руго. Гьединан гьабун хвезарун нахъе хутІа-

ралги руго ЧIанкIал кучIдул. Гьединлъидал пуланаб кечI ЧIанкIал гурилан ракIалде ккеялдаги гIайиб гьабизе бегьуларо. Гьаб кечIги нилъехъе нахъе хутIарал ЧIанкIал кагътаздаса щвараб гуро. Гьаб буго нилъер машгьурав кочIохъан Сайгидсалим Джамалудиновас "БагIараб байрахъалда" тIоцебе бахъараб, гьенисан босун лъураб кечI.

**ЩОБАЗУЛ ГIАНСА**

**Къалмиде керен чучун.**
**Кагътиде ургъел бикьун,**
**Рокьул гIакъубаялъул**
**Къокъоб казият хъвазин.**

**ХIасратаб рокьул цIадул**
**ЩIияб приказ бахъизин,**
**Зодиб тIавус беццараб**
**ТIогьоде най рехсараб.**

**Ханзабазул чодрониб**
**Чараб чинидул чирахъ,**
**Чорхол рухI дирги бахъун**
**Бакун буго чияца.**

**Черкесалъ букъарулеб**
**Къимат тIокIаб машина,**
**Къаникь вукъун дунги тун,**
**Батула къехь букъулеб.**

**Сипат берцинаб хIанчIил**
**Сахратуллагь сверулеб**
**ХIули батуларого**
**Бортун буго берзул нур.**

**Байтулагьалде тIаде**
**АхIтIолеб гагуялъул**
**Гарбиде гогьаралъухъ,**
**Нухъби руго хIайранлъун.**

**ХIежалъул сурмамикки**
**Ккун буго гьинал кIичIид,**
**Гьелъие хIиллаялъе**
**ХIалай чиго щоларо.**

**Щобазда чIараб гIанса**
**ГIазул гIунсукь къан буго**

**Къасд буго дир бахъизе**
**Хъван бугеб иш лъаларо.**

**ХIангIарцул куркьби ругеб**
**Зодил тIадагьаб тIавус**
**Балайищ гьалаглъараб**
**Гьавайищ тIаде щвараб.**

**Щобазда накIкI кинигин,**
**Сверун чIараб рокьуца,**
**Рукьбал руго гьалулел**
**Гьан буго бецIцIун унеб.**

**ЦIадакълъун бакъ бухIани,**
**Бакъан холин гигудал**
**Нухда данде мун ккани,**
**Ккола дунги женаца.**

**Жаниб тIамураб булбул.**
**ТIегь баккигун тIурула,**
**ТIулалъе би бакъвала**
**КъотIноб кIалъай рагIани.**

**Къун тIагIараб иццул лъим**
**Ихдал цIад бан цIикIкIуна,**
**Дур цIар лъурай яс гурей ,**
**Росулъго гьечIейани.**

**ТIанхиде саву ккола,**
**Сардил цIорой цIикIкIани,**
**ЦIорол матIу биина,**
**ТIаде мун балагьани.**

**Меседилги кьер хола,**
**Кьаву чIвазе танани,**
**Кьуралъуйго хIебтIани,**
**ХIал дагьлъила дур чорхол.**

**ХIарщул къотIноб тIинкIани,**
**ГьацIул бацIцIалъи хола,**
**Гьедин росгун рекъани,**
**КъватIиб чIвала дур канлъи.**

**ЧIаго хабалъ чи лъуни,**
**Халкъалъго гIайиб чIвала,**
**ЧIаго мун ятанани,**
**Тоге дуца дун гьадин.**

**КIиго-лъабго сон буго**
**Соролел дир  лугбазул,**
**Сардилъ унеб цо минут**
**Нусго сонлъунги рикIкIун.**

**Бахьинаб гьумералъул**
**Гьайбатлъи лъаралдаса,**
**Лъавуда вугеб сагIат**
**Батуларо цониги.**

**ГIарцул тIураб натI гIадаб**
**ТIеренаб лагаялда**
**ТIад бер чIвани, хIайванги,**
**ХIал дагьлъун, гIодоб ккола.**

**ГIанбар чини чапараб**
**Чорхохъ балагьарасда,**
**Чармил ракI бугониги,**
**КIоларо вахъун чIезе.**

**ЧIараб ракьго гвангъулеб**
**Гъулдул къотIулеб тIайро**
**КъулгIадухъ ясалъ чIани,**
**ЧIезесеб бакI тIагIуна.**

**ТIад рас багIармеседил**
**МугIрузде гIедераб бис,**
**ГIалхул чанил тIинчIлъун лълъун,**
**ТIерхьун уна цееса.**

**Унго духъ угьдулеб дир**
**Каранзул хIухьелалда,**
**Хьухь зодихъ гьечIониги,**
**Гьукъун буго бакъул нур.**

**Къваридаб ракI чучизе**
**Чваханщинаб магIица**
**Чабхаздаги хер буго**
**Хал гьабун бихьаразе.**

Гьаб рокьул карачелни,
Квеш-лъикIниги баччилин,
Йиччазелъун гьабураб
КъотIиниги бугони.

Къолареб гIишкъул гIурулъ
ГIумруяли тIамилин,
ТIолареблъун бухьараб
Рухьадаго щибилеб?

Мисриязул чамасдак
Чараб тулиеги кьун,
Тату гьечIеб гьойлцIибил
ЦIулев чи щив вукIунев?

Шамахалъул багIаргIеч
ГIужрукъицаги букъун,
ГIалхул курак кваналел
Киса гIадамал чIолел?

Кагьрубагин варакъалъ
КъачIараб нодоялда,
Къоркъоца кIал цуниги,
Цо гIаламат тIатинчIо.

ТIегьилан васандизе
Барахщарал курмузда
Квешаб борхьил кIал хъвайдал,
РихъичIо хъахIилзобал.

ИяхI хвани, чорхоца
Чанго гIилла бачуна,
Чияр ургьиб ракIги лъун,
КIеларин чIезейилан.

Чара къотIани, мацIалъ,
ЩIала гIакълу мекъиса,
КъотIноб кIалъай рагIани,
ГIелин гьудулалъулан.

Гьаваялда чанилги
Чияхъ рокьи ккогеги,
Рукьбал гьаваялъ кквараб,
Керен цIадуца цIураб.

**Ингилис магазинахъ**
**Забру варакъул конфет,**
**Зодихъе бакъин ккола,**
**Къвалакь квер чIвараб мехалъ.**

**КъустIантIин улкаялде**
**Арзирумаллъул тамру,**
**МоцIродаса цIвакула,**
**ЩIавуцIун балагьани.**

**ЩIорол фабрикахъ тIураб**
**ТIад мина хъвараб чини,**
**Чанилги ракI лъукъула,**
**Къула-йорхи бихьани.**

**Къап мегIералъул тIогьиб**
**ТIегь рихараб тIинчIаб най,**
**ТIанхилъан гьоцIо цIуге,**
**ЩIарин дурго къотIулеб.**

**Къубайсалда бусен тун,**
**Салулъ букIунеб мокъокъ**
**Чабхазда къвакъвадизе**
**КъагIида рекъеларо.**

**Дир каранда кьвагьдолеб**
**Рокьул пириялдаса**
**Ракьалда хер бакъвала,**
**КъватIиб зигьирлъанани.**

**Къойил гIазаб гьабулеб,**
**Балаялъул пинхъиялъ**
**Халкъул гIалам бухIила,**
**ХIалщун тIатине тани.**

**ХIава - Адам къосине**
**Сабаблъун илбис гIадин,**
**Дий дунял къварилъизе**
**Бичас кьурай бакъул нур.**

**Билкъис пана гьайизе**
**Сулайманил гьудгьудлъун,**
**Дир гьинал ракI бахъизе**
**Ракьалде щварай къутIбу.**

Гьаб кечӀалда жиндицаго кинаб цӀар лъун букӀарабали нилъеда лъаларо, гьаб МухӀамадсагӀид СагӀидовас лъураб цӀар буго. Нилъецаги гьеб хисизабиларо.

Биценихъе, ЧӀанкӀае цӀакъ рокьулел рукӀун руго халкъиял кучӀдул, абиял, биценал, кицаби. Гьесухъ кидаго кодоб букӀунеб букӀун буго цо тетрадь гӀадаб жо киб-щиб рагӀаниги хъвалеб, цӀияб кици бугониги ялъуни киданиги рагӀун рукӀинчӀел кочӀол мухъал ругониги. ЧӀанкӀада магӀарулазул фольклорги лъикӀ лъалеб букӀун буго. Нилъеда лъазе кӀоларо кинаб бербалагьи ЧӀанкӀал "Хочбаридехун", "Надир-шагь щущахъ виххизави»-ялдехун букӀарабали, амма халкъиял асарал гьесие рокьулел рукӀиналъе нугӀлъи гьабула гьаб "Лъукъараб ритӀучӀилан" абураб кочӀоца. Гьаб ккола ЧӀанкӀал бищунго халкъиял кучӀдузде гӀагараб кечӀ.

Нилъер халкъиял кучӀдузулъ гӀемер дандчӀвала, сундуе къимат кьолеб бугониги, сундул сипат бихьизабулеб бугониги, гьеб мухӀканлъизе рехсолел дандекквеял. Мисалалъе:

**Лъаралъ кьалбал ругеб гъветӀ,**
**Кар буцӀцӀун, зодоб уна**
**Зигардизе къасд бугин,**
**Къадар бичас хъвазегӀан…**

ЧӀанкӀал гьал рагӀаби цӀалараб мехалъ ракӀалде ккезе бегьула кинаб хурхенин бугеб зодобе буцӀцӀун унеб гъотӀодаги зигардизе бокьарав чиясдаги. Гьединал дандекквеял гьаб кочӀолъ цӀакъ гӀемерги руго. Цин авторас бихьизабулеб буго гъотӀол сурат, абулеб буго гьеб зодобе унилан, гьенибго хӀалтӀизабулеб буго "зигарди" рагӀиги. Лъида цебе чӀолареб ракӀ унтун зигардулев чиясул кверал? Гьеле доб халкъияб хазинаялда жанисаги босун жавгьар батӀияб къагӀидаялъ бакъуде дандеги ккун кенчӀезаби.

ТӀоцебе кечӀ бахъана 1963 соналъ къватӀибе биччараб ЧӀанкӀал тӀехьалда, амма гьеб машгьурлъана ЧӀанкӀал заманалдаго.

## ЛЪУКЪАРАБ РИТӀУЧӀ

**Рогьалилъ баккараб бакъ**
**Бакъаниде тӀерхьуна,**
**Унтун, цӀилъун, лъилъула**
**Каранда ругел ругънал.**
**Харил кутак хванани,**
**ГӀалхул чанги чучула,**
**Чорхол ияхӀ хун буго,**
**Дой ясалъухъ рокьи ккун.**

**Хасел чӀовулъ чӀвараб цӀер,**
**ЦӀад хӀаллъидал, биуна,**
**Биун уна гьинал ракӀ,**

**Гьавадул цIа ургьиб лъун,**
**Лъукъун араб ритIучIалъ**
**МугIрузул хер кунаро,**
**Керен лъукъарав дида**
**Вахъун чIезе кIоларо.**

**Кваркьи бекани, лачен**
**Чвархъан гIодоб речIчIула,**
**Лага бакъварав дида**
**Вахъун чIезе кIоларо.**
**КIал пасихIаб милъиршо**
**ГохI-щобалде ахIдола,**
**Дунги ина ахIдезе,**
**Гьудул данделъизегIан.**

**Лъаралъ кьалбал ругеб гъветI,**
**Кар буцIцIун, зодоб уна.**
**Зигардизе къасд буго,**
**Къадар бичас хъвазегIан.**

**ХъахIилзобал гвангъулеб**
**Гургинаб къамаралда**
**Къвал базе кодой щвани,**
**Щиб лъваниги, кIваричIо.**

**Куркьбал чараб ихдалхIинчI**
**Дир рагъида къинлъани,**
**Къабулаб хIеж бугоан**
**Дун гIадав пакъирасе.**
**Дуе дун хиралъеян**
**Халикъасда гьарулин,**
**Гьабулеб жаваб гьечIо**
**Жеги БетIергьанасул.**

**Гьаваялъул лочноца**
**Чорхолъа бахъараб рухI,**
**РавхIаниюнал рачIун,**
**Гьарани, кьелародай?**
**Къурул сурмамиккиялъ**
**Босун араб берзул нур,**
**Балагьизе инаан,**
**Нахъе кьелеб лъанани.**

ЛъарагIазул муцIидулъ
МацI берцинаб чIороло
ЧIахIил босноб ахIдолеб
Исана сон сверана.
Дунял канаб шагьримоцI
Ралъдалъго чIун рагIула,
ЧIухIарай хIурулгIиналъ
Нур бикъилилин хIинкъун.

Цодагьалги сонаца
Мун ракьалда кватIани,
Кинабго аб Дагъистан
Дудехун буссун чIела.
Къуръаналда «ЯсенгIан»
Ясалъ тIокIай хIурулгIин,
ГIайиб гурищ къоркъода
Къвал жемун мун йикIине!

Къимат хвараб хераб руз,
Босноб бачун, хьихьидал,
Дудаго лъан батичIищ,
Дунял кьун, йохичIолъи?
- Щибха, гьудул, гьабилеб,
Гьикъуге гьанже кIалал,
КIудияб гьир бан бугин
Гьанже аб дир мугъалда.

ГъалбацIие къорги гъун,
КъачIадилей йикIаго,
Къуркъбузул хIориний ккун,
Лъим лъачIого, хутIана.
Харилъе чIегIерборохь
Жемун бугин гарбида,
Маххул хIосал раниги,
БатIа гьабун кIолареб.

ТIубалареб ригьнаде,
Квер ккун ячун дун кьурай
ЖужахIалъул тIиналде
Ккаги дир херай эбел.
АхIмакъаб дарамалда
Данде чIвазе гьаюнин,

**Дунял тун, ине ккаги**
**ТIулбикьарал дир вацал.**

**ТIокIаб гьари лъаларо**
**Херав инсуй гьабизе,-**
**Гьури пулеб сордоялъ,**
**ЩIадаве ккун, вухIаги.**
**РухIбахъи мекъсаги ккун,**
**Къварилъаби цIикIкIаги,**
**Гьав цIарбахъадил кверщел**
**Диде ккезе гьабунин.**

**Гьаваялда лочнолгIан,**
**Черх рекъарай гьарин дун,**
**Чудкица квачIалги ран,**
**Керен бугин кваналеб.**

ЧIанкIал цойгидал кучIдузул хIакъалъулъ ялъуни кици-биценалъулъе ккун, ялъуни нилъехъе щварал документазулъ батун, щиб бугониги лъалеб жо батани, гьаб "Аминатихъе" кочIол хIакъалъулъ щибниги кибниги я бицен гуро, я хъвай-хъвагIай гуро. Гьаб кечIалда цIарги ЧIанкIаца лъураб гуро, МухIамадсагIидица лъураб буго. Гьей Аминат щияли хъвараб бакIги гьечIо.

Гьаб кечI цогидал гIадин батIияз хъваян гьарун хъвараб кечI гуро; гьаб букIине ккола жиндирго хIакъалъулъ, жиндиего бокьун, ракIалъ тIамун хъвараб кечI.

ТIоцебесеб иргаялда гьеб пикруялде нилъ рачуна кочIол гIуцIиялъ. ЧIанкIаца гьаниб гIажаибго гъваридго, гIорхъолъа борчIизеги течIого, щибаб рагIиги жиндирго бакIалда лъун, хIалтIизабун буго доб заманаялъ магIарул адабияталъулъ цIакъ къанагIатаб жо – диалог. ГIажаиблъи гьабизе тIамула гьадинаб хIужжаялъ: авторасда цо лахIзатальги кIочонеб гьечIо росасда йигей чIужугIаданалъулги гьелъухъ рокьи ккарав васасулгун гара-чIвари унеб замана. Цониги бакIалда рехсон гьечIо гьеб гара-чIвари ккараб росу, гьеб росдал гIадатал, амма кечI цIалулев чиясда, гьезул гаргаралъухъ гIенеккун бичIчIулеб буго доб замана. Гьеб бессун буго щибаб рагIулъ, щибаб пикруялъулъ ЧIанкIаца хъвалеб къагIидалъ гурони росасда йигей гIадан жиндихъго рокьи ккарав васасда кIалъазе рес гьечIо, ЧIанкIаца гьениб гIажаибаб махщалида рагьун буго чIужугIаданалъул жанисеб хIал, гьелъул хасият. Дагьа-макъабниги драматургиялдехун хурхен бугев чиясда лъикI бичIчIила диалогалдалъун инсанасул хIалги заманаги цадахъ бихьизабизе ккани, букIунеб захIматги ЧIанкIаца гьеб загьир гьабун бугеб щвалде щунги.

ХIисаб гьабураб мехалъ ЧIанкIаца гьаб кечI хъван батизе ккола гIумруялъул ахиралда. Мисалалъе гIолохъанчиясда жеги бичIчIизе рес гьечIо вокьуларев росасда цадахъ йигей гIаданалъ абулеб гьал рагIабазулъ бугеб унти:

**Бичас азалалда хъван букIун бугин**
**Хъвараб жо лъвинчIого чара щиб бугеб?**

Цойгиги кочIол ахир. Гьениб буго гьадинаб мухъ:

**Чанги духъ угьдилей дунги йикIана…**

КечI байбихьаралдаса лъугIизегIан гьеб рагIи абизе кIоларого, цин гIагарлъиялде хьандон, хадуб вокьулесде гIайиб-гъвел гIунтIизабун, жиндирго рос какун – гIемераб жо бицунеб буго чIужугIаданалъ. Амма пикруялъулъ бихьулеб буго гIицIго гьадаб рагIи абизе бокьун букIин; кигIан цIакъ чIужугIаданалъ гьеб бахчаниги, гьеб абизе къваригIун букIин кечI цIалулев чиясдаги бичIчIулеб буго. Гьединлъидал ЧIанкIацаги гIужилго ва махщалида ахиралда хъвалеб буго:

**Чанги духъ угьдилей дунги йикIана…**

## АМИНАТИХЪЕ

**- Меседил куц чIвараб чIурканаб лага,**
**БухIулеб каранзул хIисаб бицинин.**
**Маргъал тIад бекьараб тIадагьаб чорхохъ**
**Чара хвараб ракIалъ рехсезин харбал.**

**МугIрул чан гIодулел чалухал берал,**
**Чанги къо тIубана, нужей къор гъолеб.**
**Къажар шагь чучулеб чергесаб лага,**
**Вегун сордо инчIо, дур рагьде щвечIеб.**

**БахIрул къаламул хатI къотIулеб месед,**
**Рукъде юссанагIан, къадру цIикIкIана.**
**ЦIоралъул кагьруман, катибасул свад,**
**Росасе анагIан, сси щвана чорхой.**
**Риидал мугIрузде свердулеб тIавус,**
**Гьава тIаделъана, лъимер гьабидал.**

**Гьороца гIурччинхер бакъвазабула,**
**Мех банагIан, буго гIищкъу цIикIкIунеб.**
**Бергьараб хIасраталъ вухIулев дун тун,**
**ХIайваналде юссун, биччаге гIумру.**
**Мунан абун холев хваян дунги тун,**
**Къоркъой хIурмат гьабун, гьабуге дунял.**

**- Щибилеб вокьулев, кьоге гIазабал,**
**ГIураб захIмат буго гьанже диеги.**

Бичас азалалда хъван букIун бугин,
Хъвараб жо лъвинчIого, чара щиб бугеб.
Щобда хъахIмиккилъун йоржанхъаниги,
ЙорчIизе йиччачIей дудаго лъала.
Дунялго рехун тун, херлъун чIаниги,
ЧIорид ворлъадида ияхI батичIин.
Мисри жамигIалда гIажаибаб хIинчI,
Дун хIайран гьаюрай хIулаги эбел.
ХIавзалъул лъадалъе кьер канчIаб ччугIа,
Дие гIазаб кьураб кьибил тIагIаги.
ТIагьаясул ясгун, гьин бащадай дун,
Гьесде юхьунелъул, мунги вихьичIо.
Гьаваялда хIанчIил хIули хъвачIеб черх,
ХIарщулъе ккезегIан, мунги ваккичIо.

- ГIаршалде хIубара, гIурдаде мокъокъ,
ГIайибни букIана мун гьедин ккезе.
Зобалазде сахIаб, самаияб хIинчI,
Жеги хIасрат бугин, хIайран йикIунге.
ХIатIил эгъе кьуре, кьенсер-бер лъухье,
Бегьилебин хIасрат хIисаб гьабизе.
Гьурмада кухIлу хъвай, тIад каржин биччай,
ТIокIаб анищ гьечIеб гIуж бачIинебин.
Арзерум-Шамалде барщулеб руман,
Сафа-Марваялда свердулеб гьудгьуд,
Дирни хиял гьечIо гьанже мун тезе.

Тастарал рессулеб Истамбулалда
Дур цIар басунареб росу рагIичIо.
ГIарцуда кьабураб забруялдаги,
Хал гьабун чIанани, дур сурат буго.
Сахратулагьалде бахунеб хIутIаф
Хабалъ туриларо лазат босарав,
Басмаби къачIалеб варакъул щакъи,
Къвал бан мун хурхани, хварав вахъина.
Ххамил тукабазда дермет къатIипа,
Дудасан ратила ясал гвангъулел.
Ганжа-Шемахалде хъурайсин кьегIер,
Дунни барахщула духъ балагьизе.

- Бицун пайда щиб, вас, щущай гурони,
Щибаб лагаялъул куц биххун бугин.
Гаргар рекъеларо, къварид гьабизе
Къинаб хIамил бугин хIисаб лъун чорхол.

**Чакарул гIусгIадал бегIерал курмул,**
**Цидул квачIал тIад чIван, куц биххун ругин.**
**Квасквасул цер гIадаб тамахаб дир гьан.**
**Гьод бекараб хъазид хъарсун рехана.**
**Ххамил гури гIадал, гургинал гъуждул,**
**Гъараялъ чIвадида руго жемулел.**
**Жавгьарул хъал гIадал тIеренал кIутIби,**
**Рузил михъал тIадчIван чIам-чIамун руго.**

**- Чорхолъа назукаб мугIрузул пинта,**
**Таманаб мех бала дур лазат хвезе.**
**Ханас остолалда тIамулеб кирхан,**
**Кинабго халкъ хвела, мун херлъизегIан.**
**ГIурус пачаясул меседил сагIат,**
**Сабру тIагIун бугин, баче квергIаги.**
**Куркьбакь расен бугеб зобалъул тIавус,**
**ТIаса вихьилалде бай гарбида къвал.**
**Къарби - Хиваязул гьуинаб хъарпуз,**
**Гъаримаб хIал бугин, гурхIа, Халилат.**
**Хива-Мерваялде тамахаб соно,**
**ХIасратаб куц бугин, кин телей рехун.**
**Ракьалде тIамураб тIерхьунареб бакъ,**
**Къаси бецIлъиларо мун йигеб росу,**
**Авал-ахиралда хисулареб моцI,**
**ЦIа-кан хIажалъичIо мун гIуралдаса.**
**Жаниб хIалуцараб бухIулеб ракIалъ,**
**ХIатIида гIедерай дур хиялаца**
**Дир сабураб чорхол чара тIагIана.**

**-Чарчураб чудкица кеп босарай дун,**
**Дир къимат гьабуни, дур къадру хвела.**
**Хъархъилъ гIужрукъица къвал барай дида,**
**Къвал балилан ккани, дудаго лъала.**
**Лъараца бачIараб миккил хIохьое**
**ХIисаб гьабурай  дир дуй хайир гьечIо.**
**Хераб хъабаналда хъварал лугбузде,**
**Кин аскIове къалев,  ракIго къачIого.**
**КъохьолъалкIачилгун бусен цояй дун,**
**Дир хиял гьабизе хунищ вукIарав.**
**Рохьил зазил гIункIкIгун гIумру арай дун,**
**ГIаданилан ккунищ, дида кIалъалев.**

**-Вабабай, йокьулей, дур кьалуе чIей,**
**Дие квешезедай унго какулей.**

**Керен бухIулелъул, ракI бахъулелъул,**
**Рихьулищ рагIаби гIолей жоялъул.**
**ГIажам гIиракъазул къайсил гIащикъат,**
**Дур къадру холебдай, къутIбу сурахIи.**
**КъустIантIин шагьасул Шумайсат бика,**
**Шамсул фалакатил куц биххулебдай.**
**БечIчIараб рахьдада, лъел полопалда**
**Гьурмал кьер релълъарай мун лъие щолей.**
**Биараб цIералда, цIараб гIарцуда**
**ЦIваки бахарай духъ балагьи гIела.**
**ГIадамал гIажизай, гIиприт панаяй,**
**Гьорол хIасрат бергьун, тасбихI гьабурай,**
**Телалда цIар тарай, цIвабзалъ къец ккарай,**
**Къоялъ вигьунаро, цо мун кIалъани.**

**-Кин толарел, гьудул, гьагал рагIаби.**
**Гьедин мун гаргадун, чанги гукканин.**
**Чидай рице, гьалмагъ, гьединал харбал,**
**Балагьигун лъалин гуккун толейлъи.**
**Борохьлъун бицардун, церлъун лъухьардун,**
**Лъвине течIо, гьудул, дуца сахаб жо.**
**Илбислъун жанив лъун, женлъун къватIив лъун,**
**Лъваразеги течIо чорхое хIалхьи.**
**Чакарлъун курмул кун, чайлъун берал къун,**
**ЧIалгIиндал дунги тун, кивдай ваккила.**
**Кепалъе дун зурун, лазатги босун,**
**Бицина ясазе дий гIадаб рагIи.**

**- ГIарцул щекъер гъураб цIорол карафин,**
**Кидаго кIалъачIо чIалгIаде дуда.**
**ЧIулгIи-чиниялде биччалеб варакъ,**
**Къвал бан, рехун тезе хиял гьабичIо.**
**Босе дурго къайи, къачIай къокъине!**

**-Кин гьабулеб хIисаб, балагье мунго,**
**ХвейгIан теларилан гьабеха къотIи,**
**Къвалал жемичIого, мун чIоларелъул.**
**Чияда тIатине тоге балагьи,**
**Риидал тIогьоде свердулеб тIинчIна…**
**ТечIони бокьила диеги рокьи,**
**Рокьул мугьру чIвараб чIухIараб лачен.**

## ЧАНГИ ДУХЪ УГЬДИЛЕЙ ДУНГИ ЙИКIАНА...

Гьаб кочIолъ бищунго цIакъ жиндидего пикру цIалеб буго гъоркьехун рехсолеб бугеб куплеталъ. Гьениб загьирлъулеб буго ЧIанкIаца киданиги рагIун абичIеб, жиндирго гIамал-хасияталъ рекIелъ бахчун букIараб рокьу-дехунги чIужугIаданалдехунги бугеб бербалагьи. Гьале гьеб куплет:

**Азарго соналъул гIурму баниги,**
**Я рокьи теларо, я тIубаларо.**
**ТIолго гIадамазда ашгьарлъаниги,**
**Я тезе кIвеларо, я кIоченаро.**

Гьаб кечI нахъе цIунун батана кIиго росулъ: ЧIиркъатIаги, Унсокологи.

* * *

**ГIенекке хIурулгIин, хIасратаб рокьул**
**ХIакъикъат бицараб цо хабаралде,**
**Халгьабе, рекIел тIегь, тIолареб унтул**
**Ургьимес гьалулеб гьава рагIизе.**

**КIолеб гьечIин чIезе, чIурканаб логол**
**Сипат рикIкIинчIого, ракI чучичIого,**
**Чара холеб бугин гьинал ракIалъул,**
**Пикру гьабун бихье кин бугояли.**

**Лугби зигардула, ракI инагьдула,**
**Унарин цееса, толарин кIочон.**
**Чорхолъ гьава босун, гьаналъ шавкъ хурхун,**
**Хараблъулев вугин, кIоларин чIезе.**

**Алжанал гвангъулеб гургинаб жавгьар,**
**Жаниб цIаги бакун, вухIулев вугин,**
**ХIурулгIинзабазул гIарцул карамит,**
**Курумуду тирун, турулев вугин.**

**Лугби ширванулай Шамалъул бика,**
**Щиб сабаб гьабулеб, гьаглъулев вугин.**
**Гьиндалда бижараб чамарсагил гъветI,**
**Сабру тIагIун бугин, яхI кин гьабулеб.**

**Нусабго логода рокьул хатI бугеб,**
**Халкъул гIаламалъул ракIал рахъараб**
**ХъахIаб гьумералда гIишкъул нур буго,**

**ГІалимзабазулги зигьну мехтарал**
**Лугби гаргадулин, дида сверун лъун.**

**Явлухъалъул кІалалъ кІветІ-кІалги бахчун,**
**Черхго бицардулин, тІаде балагьун,**
**Бадибе катан цІан, гІодойги къулун,**
**КъулгІадухъе карман куцалей гьудул,**
**КидаллъагІан дуда хадув свердулев.**

**Дандиял ясазулъ Садрул явакъит**
**Сардал кин рогьунел гьаб балагьалъулъ.**
**ХІурулгІинзабазул караваталда**
**Куцандай къачІана чІурканаб лага.**

**Курубиюнаца зодойги ячун,**
**Замзамалъ чурундай, черхалъул хъахІлъи.**
**Фарангас кагътида щакъиялъ хъвараб**
**Лайлал гІадаб сурат, сси бугеб гьумер.**

**Биун чиниялъул, чапун маргъалул**
**Нусабго сан тІураб самавияб хІинчІ,**
**Дур чорхол хІадурлъи, хІакъаб гІаламат,**
**ГІакълу босун уна, бер кІутІулаго.**

**ХІатІазул тІадагьлъи, тІогьилаб явлухъ,**
**ТІун ракІ бахъун унин, хадуб балагьун.**
**Гьаб ракь берцинлъизе цо бугеб хІара,**
**ХІалкІвеларищ, унго, диде юссине.**

**Дуниял гвангъизе рештІарай Харкъаъ,**
**Хиялго кколарищ, дунгин чучизе,**
**Меседил баргъичаз бакьулъа къарал**
**Къаламул килщазухъ кколеб куц гІишкъу.**

**ГІарцул курхьабаца расен гьабурал**
**ХъахІал гъажабазухъ гъира бергьуна.**
**Цо росасул гІадан гІадахъги йосун,**
**ГІолохъабазда гъорлъ ракІ гъолеб гьечІо,**
**ГІажал гъадил лъади чорхоеги гІун,**
**Чара холеб буго гьинал ракІалъул.**

**Мун дие щвелилан хиялги гьечІин,**
**Хвезеги течІого, бергІаги тІаме,**

**Щун къадар хъвалилан къасдги лъоларо,**
**Йокьун йикIин лъазе бикье цо ургъел.**

**Азарго соналъул гIумру баниги,**
**Я рокьи теларо, я тIубаларо.**
**ТIолго гIаламалда ашгъарлъаниги,**
**Я тезе кIвеларо, я кIоченаро.**

## ДУХЪ ККАРАБ ДИР РОКЬИ РУКЬБАЛЪ ЦIУНИЗИН

Гьанир лъолел ругел кучIдузул хIакъалъулъ, БакьагьечIиса Къадиясул МухIамадихъа 1934 соналъ щварал рукIин гурони, щибниги лъалеб жо гьечIо. ХIисаб гьабураб мехалъ гьел рукIине ккола жегиги хъван рахъинчIел кучIдул. Гьеб пикру гьабизе тIамулел руго гьадинаб хIужаялъги: "Панаяб хIохьелалъ, хIайранаб ракIалъ" - илан байбихьулеб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин,**
**БецIаб лахIтуялъуб хIалхьон букIине.**
**ХIехьезин аб гIазаб гIадаллъизегIан,**
**ГIарасалде щведал, диван гьабизе.**

Дагьалго хисизеги гьарун, гьелго мухъал ратула гьаниб лъолел ругел кесказул тIоцебеселдаги.

**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин,**
**Ракьул лахIтуялъуб хIалхьон букIине.**
**КIваричIин дуниял, дагьаб жолъидал,**
**Лъабго къойин хIалхьи, хIехьезин гIазаб.**

Гьелъ бицунеб буго, цин хъвазе байбихьараб кечIги тун ЧIанкIаца цIидасан гьелъул кьучIалда цойгидаб байбихьун букIин.

ТIоцере гьал кучIдул рахъун рукIана 1962 соналъ бачIараб тIехьалда.

**Дуде бикьанщинаб ургъел бикьани,**
**Рохьор ругел гъутIби нахърилълъинаан,**
**Гьалщинал кагътал хъван, тIад лъуралани,**
**Борхатаб магIарда чан хIеккинаан.**

**Дие йокьанагIан, кьурун юссанин,**
**Кьер берцинил хиял кибедай бугеб.**
**Дир бицунеб рагIулъ гIинго тIамичIин,**
**ГIолилалъул хIисаб щиб мухъалдедай.**

**Духъ ккараб дир рокьи рукьбалъ цIунизин,**
**Ракьул лахIдуялъуб хIаллъи букIине.**
**КIваричIин диниял, дагьаб жолъидал,**
**Лъабго къойил хIалхьи, хIехьезин гIазаб.**

* * *

**Меседил суралде тIадеги егун,**
**ТIогьилаб гормендо бадибе цIала.**
**ЦIерлъун дун виунел макънал рачине,**
**Аргъан цебе босун, сухIмат гьабула.**

**Русулъго сси бугел сверухъги лъугьун,**
**СухIмат-кеп гьабизе куцалей йиго.**
**Киналго гьал ясал, росулъ кьерилал**
**Долъул ракIгьеялъе рижун ратила.**

## МАГIАБИ

Инквачилав вукIун вуго росдал дибир. Гьев хвараб мехалъ, ЧIанкIаца гьабураб магIу ккола гьаб.

ТIоцебе ЧIанкIал кучIдулги данде гьарун, тIехь къватIибе биччарав МухIамадсагIид СагIидовас хъвалеб буго гьаб магIу кинабго кодобе щвечIилан. Гьанибги гьаб магIу лъолеб буго, ЧIанкIал къватIибе бачIараб тIехьалдаса босун.

## ИНКВАЧИЛАВ ХВЕЯЛДЕ

**Жаниб керен ссудараб**
**Дардалъул агьлуялъе,**
**Угьун керенги чучун,**
**Кагътиде мухъал хъвазин.**
**(ЧотIролъ жавгьарал хезин.)**
**Курмузда цIа бакараб**
**Балагь щвараб къавмалъе**
**Къварилъарал чучизе**
**ЧотIролъ жавгьарал ххезин.**
**(Кагътиде мухъал хъвазин.)**
**Дагъистаналде щвараб**
**Балагьалъул карачел (гьороца)**
**Керемалде гьулчараз,**
**Хиял гьабун, цIализе.**
**Халкъалде тIобитIараб**
**ТIупаналъул гьороца**
**Гьинал ракI бухIаразе**

ХIисаб гьабун ахIизе.
Законалъ каву рагьун,
Капурлъи бергьаниги,
ГьанжелъагIан Дагъистан
Диналдаса гIицIлъичIо.
ГIелмуялъул усудул
Сараялде аниги,
Сордо-къоялъ магIирукъ
ЖакъалъизегIан лъечIо.
Дуниял кквезе чIарал
ЧIахIиял мугIрул щущан,
Щоб-къоноцин хутIичIо
ТIупан тIурав кIанцIизе.
Гуми жанир лъедолел
БухIуразул лъимги къун,
Къадар щварав чуризе
Чабхил иццин хутIичIо.
Инна лиллагь, патихIа,
Гьанже Дагъистаналда.
Дибирасул хвалчада
Печать чIвараб батани.
Рахъа тIаде, тIун анин
ТIалъиялъул мажлисал.
ТIарамагъалъи гьабун,
Гьанже лъезин магIирукъ.
ЛъугIаралин гIалимзай,
ГIоде агьлу хIакъикъат.
Къо ккани, яхI баччизе
Чи тIагIаравин гьанже.
Пасалъанин замана,
Зигарде муъминзаби,
Залим басра гьавулел
Васал къаница ккунин.
Гьанже гIоде бесдалал,
Сверанин рузил рагIад,
БоцIул закат лъугIанин,
ГIарцул сурсат къотIанин,
ТалихI къанин, къоролзай,
Къан рорче рачалаби,
Къойилго бикьулеб харж
Хабалалъе буссанин.
Гьанже хванин къагIида,

**Къед бихханин хундерил,
Дур хъирмица магIида
МагIу лъураб батани.
Рукъ-рукъалъуб лъе магIу,
ГIадлудул кьучI бихханин,
Тадбир бергьарав игит
Ун вугин лахIтуялде.
Пачаяс чIегIер ретIе,
ЧIунтарабин Дагъистан,
Халкъ цIунараб аздагьу
Ун бугин сараялде.
Округалъ тагIзият лъе,
ТалихI къарабин абун,
Бода цIар лъураб бугъа
Бегун бугин ракьалда.
БачIун бугин буюрухъ
ЦIияв падишагьасул,
ГьечIевин кIалъазе чи,
Лачен, вахъа эхеде.
Хундериде къо ккараб
КъваригIел бачIун бугин,
Рорхиларищ къанаби,
Къварилъун бугин улка.
Вас вуго, дунял чIалгIун,
ЧIезе бакIго гьечIого,
ГIакълу бергьарав эмен
Анин кодосайилан.
Халун йиго теролей,
Ватуларилан абун,
Мун гьечIеб дунялалда
ЧIезе чара гьечIилан.
Росу бугин, гIадлу хун,
ГIолохъабиги гъурун,
ГIадлу, тадбир гьабизе
Мун кодоса анилан.
Мун тIад рекIун чIухIулеб
ЧIегIераб аргъумихъалъ
Авлахъ тирулеб буго,
Бухьаралъуб чIоларо.
ЧIухIдай дуца рорчунел
Чараналъул хвалчаби
Рагъабазда ран руго
Рикьизе дурцабаца.**

**Дур жураял рищулеб**
**ТIадлъагIри майданалда**
**ТIутIун руго рехъаби,**
**Вахъа хIисаб гьабизе.**
**Хаслихъе гIиял къалел**
**ЧIахIиял дур хурзабахъ**
**ЧIухIарал дурцал рачIун,**
**Кварица тIолел руго.**
**Хвалченалъул чарамалъ**
**Чирахъалъе цIаги гIун,**
**Чанги бецIаб кьалулъан**
**Борлъун аскар бачана.**
**Чорхол рухI сонгрое лъун,**
**ГIолохъабиги цIунун,**
**ЩIа рекIараб рагъулъан**
**Гъорлъан боял рахъана.**
**Чанги лебалав лачен**
**Чухьарлъарал къояца,**
**Чармил галамахъ гIадин,**
**ГIолохъаби хьихьана.**
**ГIалимзабазда кIалдиб**
**МацI кIочон тараб къоялъ**
**Къуръаналъул вагIзаялъ**
**Рагъ боркьун, кьвагьи лъуна.**
**ГIажаиблъи, дур чIухIи,**
**ЧIел босун, хьвадарав куц,**
**ЧIохъдерил наибзабалъ**
**Билълъунеб куц дур рагIи.**
**Кивехун вусаниги,**
**Сверун данде бачIине.**
**Чанги чIухIарав наиб**
**Иргадул гIеллъун тана,**
**ГIарасалда гьабеги**
**Гьелъул жаза Аллагьас.**
**ГIурус аставкачагIи**
**Бачазде ритIаралин,**
**ТIадгIаршалъул гьогьмада**
**Гьареги Бичас данде.**
**Сонгролъ наиблъи кьурав**
**Имамасул мухIакъикъ,**
**ХIалхьа чIухIухъабазул,**
**ЧIегIер ракьде вуссанин.**

## ГІОЛИЛАЗУЛ МАГІДАН ЧІУНТАРАБИЛАН…

Рихьунив ЧІанкІа вугев мехалъ СайгидулбатІалиде гьабураб магІу машгьурлъун киса-кибего тІибитІун ана, гьебго заманаялъ, гьелго 1904-05 соназда гурони, кодобецин щвечІо. Щвана гьеб гІумруялъго МахІмудилги ЧІанкІалги творчествоялда тІад хІалтІулев вугев филологиял гІелмабазул кандидат Якъуб Сулеймановасухъе. Рихьуниб ЧІанкІаца хъвараб цогидаб магІу 1990 соналъ гурони кодобецин щвечІо. ТІоцебе гьаб магІу къватІибе бахъана Хунзахъ районалъул "Росдал захІматчи" газеталда гьадинаб цебе-рагІигун:

«БакьагьечІиса ЧІанкІа Рихьуниб росулъ вугев мехалъ, гІага-шагарго 1904-05 соназда, гьебго росулъа СалихІат абулей гІолохъанчІужу Хунзахъе, цо щивалиго тІадегІанав хІаким вачІарав мехалда, гьесда йихьизейилан йитІун йиго, тІадюссун росулъе щварайго, хун йиго, гьей йикІун йиго кутакалда берцинай, цІар арай гІадан. Гьей СалихІатиде гьабун буго гьаб магІу ЧІанкІаца".

**Ясазул сси хвараб**
**Халкъалда лъазе,**
**Хъвазин дагьал рагІай**
**ГІажам мацІалда.**

**ГІолилазул магІдан**
**ЧІунтарабилан,**
**БитІизин казият**
**Дагъистаналде.**

**Завод бихьхарабин**
**Берцинлъиялъул,**
**Балъгого чІегІер бай,**
**ЧІухІарал ясал.**

**МагІдан пасалъанин**
**ЧІурканлъиялъул,**
**Рукъ рикІкІун, магІу лъе**
**Гьанже ясаца.**

**Огьогьой, ле ясал,**
**Гьаб щиб гІаламат,**
**Дир бадиса канлъи**
**Босулеб бугин!**

**Кирехун руссеян,**
**Сунде ракІ гъеян,**

**Сапаралъул пайтон**
**КъачIалеб бугеб.**

**Лъиде руссун чIезе**
**ХIал кIвелебилан,**
**ХIижазиял чуял**
**Кьололел ругел!**

**Анин берал рецIцIун,**
**ЦIан лъунин лугбал,**
**ЦIале гIалимзаби,**
**ГIараб аятал.**

**Ана нилъедаса,**
**ЛъугIана хIохьел,**
**ХIурулгIинзай риччай**
**Гьанже рокъутIе.**

**Дур рухI босулелъул**
**ТIаде ралагьун,**
**ТIулракI бихъун хвечIел**
**Хадур гIодуге!**

**ГIащикъаб кIалалъул**
**МацI къотIулелъул,**
**Къаданир ккараца**
**ЯхI кин гьабулеб?**

**БачIун буго раса**
**Месед чуризе,**
**Ясал тIаде рахъа,**
**ТIад квер бахъизе!**

**Мусрал лъутIейилан,**
**Чи вачIун вугин.**
**Чорхол къуват хвечIел,**
**КъотIе дараял!**

**Маргъалул черхалде**
**Чапун унтигун,**
**Чорхол гьан биана**
**Пайиз тIилазде.**

**Чакарул килогӀан**
**Куц бугеб лага**
**Сапнаца чурана,**
**Черх бацӀцӀалъизе.**

**Маргъалул панкъ гӀадаб**
**ХъахӀаб гьурмада.**
**Хъван аят лъейилан,**
**Илгьам гьабуна.**

**ХъахӀаб ххамил гӀадаб**
**Халатаб логолъ**
**ХатӀиат толареб**
**Тавбу гьабуна.**

**Жавгьарул чӀум гӀадал,**
**ЧӀегӀер беразда,**
**ТӀутӀун пампа лъезе**
**Лъидадай кӀвана.**

**Гъазалул би гӀадал**
**БагӀарал кӀутӀби,**
**Босун инчӀищ гӀакълу,**
**Данде къалаго!**

**Дараял кьурдулел**
**ХъахӀал гъажаби,**
**ХъахӀал мусралги ран,**
**БусатӀа лъуна.**

**Васал паналъулеб**
**Гьумер-кӀалалтӀа,**
**КӀутӀун пампаги лъун,**
**Гьумер бахчана.**

**Мун лъадае унеб**
**Бакъанил гӀужалъ**
**Жаназа босана**
**Росулъа тӀаде.**

**Ясал рахъун чӀолеб**
**КъулгӀадул тӀохтӀа,**
**ТӀад лъун, какал рана**
**Керен туризе.**

**Дуда чIвараб берзул**
**ЧIалгIен свинегIан,**
**ЧIунтаги аб росу,**
**Анин нур босун.**

**Ясазул ракI гъурай,**
**Росдал мугъ чIварай,**
**ЧIегIераб ракьалда**
**Дур рукьбиги лъун;**

**Унгойищха ясал,**
**Щибдай бахъина.**
**Щущаладай лугби,**
**Биинадай гьан?**

**Щиб хIалдай букIина,**
**ХIалкIолев Аллагь!**
**ХIулиладай гъалал,**
**Гъвегъинадай черх?**

**Цоцазухъ гIашикъал**
**ГIалхул чундуллъун,**
**ГIолил васал руго**
**Кьер хисун, кколел.**

**Хаслихъе саву ккун,**
**Сумахер гIадин,**
**ГIолохъаби руго**
**Риун тIагIунел.**

**Маргъал биун тIураб**
**ТIадагьаб лага,**
**ТIаде рекь хъвалалде,**
**Хъамун инчIодай.**

**ХъахIаб пиндикъалде**
**Къулгьудул аят,**
**Къанал тIад разегIан,**
**Хабалъ танадай.**

**Хабалъ лъунин абун,**
**ГIазаб кьеладай**
**ГIалам хIайранлъарай**
**ХIурулгIиналъе.**

**Аллагьасул ризаъ**
**Дулъ гьечIебани,**
**Аб хIалалъ халкъалъе**
**Хирилъулейдай.**

**Халикъасда аскIоб**
**Къадру гьечIелъул,**
**КъватI-къватIалда магIу**
**Щай тIибитIулеб.**

**Духъ ракI бахъун инчIев**
**ГIаданги гьечIин,**
**ГIаламалъи буго**
**Цо чIужугIадан.**

**ГIакълуялда вугев**
**Инсан тун гьечIин,**
**ГIаламат, дур къадру**
**Гьаб къавмалда гъорлъ.**

**Дур хасият рехсон,**
**Сипатал рищун,**
**Сардал рорчIаниги,**
**ЧIалгIунеб гьечIо.**

**ГIолилал ясазул**
**Сотниялда гъорлъ**
**Сардарул чин кьураб**
**Кьер берцинаб рухI.**

**Кьерилал рохарал**
**Хундерил ботIа,**
**ТIаса йищун, тарай**
**Первый парангай.**

**Дур хабал махI сунтIе**
**Гьанже ясаца,**
**ШапагIалъигIаги**
**Щоларищали.**

**Чорхол ияхI хварал**
**Зонохъ балагье,**
**Зодил Харкъаъ лъурай**
**Халкъалда лъазе.**

**Жавгьарул тарих хьвай**
**Хьирул къанада,**
**КъутIпу жаниб бугеб**
**ЛахIтулъи лъазе.**

**Рукъ-рукъалъул мокърукь**
**Жавгьар баниги,**
**Жаниса нур ана**
**Гьанже росдада.**

**Жаннатул маъвалъун**
**Рахъананиги,**
**Рахъун арал ракIал**
**Нахъруссунаро.**

**Ракьул хIутIлъун анищ,**
**ХIалкIолев Аллагь,**
**ЛахIтуялъуй ваккун,**
**ХIалхьун, вуссине.**

**ХIакъаб кашпу анищ**
**Керен ракIалъе,**
**Кинан йигеяли**
**Духъ валагьизе.**

**Дуда мусру байгIан,**
**Росолъ йищарай**
**Нусгояй кьелаан,**
**Кьойид гьайизе.**

**Дур кьер хисизегIан,**
**Росдал цо авал**
**Араб анищ гIодой,**
**ГIадан течIого.**

## ГIУРУСАЗУЛ ВА ЯПОНИЯЗУЛ РАГЪ…

Гьаб магIу кида, лъиде ва лъица гьабурабали лъаларев чи магIарулазда гьоркьов къанагIатги ватиларо. Гьаб цIакъ хехго машгьурлъана магIарухъ.

ГIурусазулги япониязулги 1904-05 соназ ккараб рагъде Дагъистаналдаса гIолохъаби унел рукIун руго. Аслияб къагIидаялъ нилъер гIолохъаби унел рукIун руго, гIарац щвезе гIоло. Пачаяс лъикIаб гIарац кьолеб букIун буго рагъде арасе. Гьединан ракIарарал гIолохъабазул цо хасаб полк гьабун букIун буго. Полкалда рукIун руго Рихьуниса ШапигIиласул кIиго васги.

Гьезул цояв рагъдаса тIадвуссинчIо. Гьаб магIу ккола гьев васасде гьабураб.

ГIемераб бакIалда рехсараб, гIемерав чиясда лъалеб, машгьураб магIу букIиналъ батила, батIиял кучIдузулъе гIадин, батIи-батIиял рагIаби гьоркъоре рачун, гьаб кечI хвезабун гьечIо, гIемерал хиса-басиял гьарун гьечIо. Амма квалквадичIого хутIун гьечIо.

**САЙГИДУЛБАТIАЛИДЕ**

**Хунзахъ конторалда кагъат рагIула,**
**Килас печать чIвараб, чIегIер белъараб.**
**БачIараб почалда хабар рагIула,**
**Хъвалаго магIица адрес чурараб.**

**Босизе намусаб, кьезе хIинкъараб**
**Кьалул кагъат буго кансиларалда,**
**Кинавго чиясул ургъел бергьараб**
**Бодул хабар буго Хунзахъе бачIун.**

**Телеграмма кьолел начальниксабаз,**
**Чияда лъалелде, чIегIер бан буго.**
**«Бой» газет цIалулел абсерзабаца,**
**Берал рацIцIунаго, цIалулеб буго.**

**Макьилъ илгьам гьабун, гьаналъ бицундай,**
**Гьунар тIокIав лачен чучун вугилан,**
**Печать бахъулаго, берал сорорал**
**СайгидулбатIалил хабар бугилан.**

**Каранда цIунана цIалараб кагъат,**
**Беразул магIида киритални ран.**
**Каранда бугеб цIа цIилалъги бахчун,**
**Чиясдаса хабар балъго гьабуна.**

**РакIалъул чаранлъи чи тIагIаясул,**
**Чорхол яхI хваниги, хIал лъазе течIо.**
**Тавбудул щулалъи ШапигIиласул,**
**Щвараб къадаралда сабру гьабизе….**

**Бахчун тIубаларо чIегIераб кагъат,**
**Китаязул магъилъ гъалбацI чIван буго.**
**Балъго щай гьабилеб, Чачанзаялда**
**Шагьидлъун рагIула СайгидулбатIал.**

**МагIу бахъиларо, билхъа гьабила,**
**Гьунаралъ къечIелъул япониякьа.**

Данде руссинаро тагIзияталъе,
ТалихI кьун, кьолбода вас щапунилан.

Жакъа духъ гIодизе магIу хутIичIо,
Хадуб балагьун тIун, тIагIун букIана.
ТIадвуссун вачIунеб сурат букIинчIо,
Бихьизелъун кьураб лъимер букIана.

Дандиял вацаца ярагъ балалде,
Давла бакIарулеб кIалкъулаб гъалбацI,
Разъезд хIинкъаралъуб къолден ретIине
Къокъаб гужгат битIе импиратасде.

Къо тIаде ккаралъуб гIорал рахине
Эхье хъахIаб чу кье пачалихъалъе.
Рагъул аят хъвараб мисри каранда,
КIи-кIиккун бай килас, нусго гIезегIан.

Япониязул кьо кьвагьулеб къоялъ
КьечIеб щай абцерлъи рихьунисесе.
ЧIухIарал боязда данде вагъидал,
Гъежда чин щай бачIеб чIухIараб лочнол.

Килас босичIони, васлъи хвагиян,
Хвалчада квер кьабгIун, гьедун вукIарав.
ЧIел чидахъ танани, талихI къагиян,
Къилбаялде вуссун, гьарун букIараб.

Меседил лъел гьабе чармил хвалчадуй,
Чоца би гьекъегIан къотIарараллъухъ.
Чинидул килас бай багIараб чода,
Чуял кьололелде кьалде щваралъухъ.

Васищха вукIарав ШапигIиласул,
Сотнабазда данде живго вагъулев.
ГъалбацIин букIараб хьиндал кIкIалабахъ,
Бахъараб боялда гьунар бихьараб.

Зурма-къолол гьаркьихъ къурдухъан гIадин,
ГIищкъуялъ вортулев тункIил гьаркьихъе,
Гьаваязул лучнул чундузулъ бисгIан,
ГIемерлъун хIалхьечIо бихьараб рахIат.

Эбел гIодилаго, борчараб ярагъ,
Пача угьдилаго, бичун рагIула,

**ГIагарлъи къварилъун, рекIараб тулпар,**
**Полкалъул ракI бахъун, бичун рагIула.**

**Мунали цо лъимер, лъуни щиб хабалъ,**
**Лъабго японияв къаданив лъедал.**
**Къадар щварав хвезе тIадаб жолъидал,**
**ТIокIав кинан хвелев рагъда гъазияв.**

**Мунилан гIодилей эбелги йигин,**
**АхIани, йикIине йижарай гIадин.**
**ГIадада хун инев эменги вуго,**
**Эб дур хIарбуялда хIал хьоларого.**

**Полкал нахъруссине пирказ бахъанин,**
**Вахъинарищ давла данде гъабизе?**
**Дандияца къайи къачIалеб бугин,**
**Рокъоре рачIине чуял кквеларищ?**

**Сотниялъ бикьулеб чукIел босизе,**
**Ресго рекъеларищ къоно борхизе?**
**БачIун бугин рухса, руссаян абун,**
**СагIдулагь кин инев инсул росулъе?**

**Сотниялъул чуял ричулел ругин,**
**Баче дурги айгъир багьа гьабизе.**
**Хвалчадул чарминиб чорхол рухI лъурав**
**Чучарувищ лачен япониязе?**

**Чодул кьолонибе гIумру тIамурав,**
**Чорхолъ басанданищ мазгалул гулла?**
**Дуда тункIил гулла гаргадулилан,**
**ДабгIа букIунаан гIолохъабазул.**

**Хвалчадул чармие чучуларилан,**
**Чанги бицунаан милицабаца,**
**Багьа кьун босараб эгъе хъахIаб чу,**
**Хъамун кин бачIинчIеб лачен рагъдаса?**

**ДандцIан месед хъвараб харайдул гужгат,**
**Къолденлъун кин чIечIеб тункIил гуллие?**
**Хвалчен кодой босун, кверда бахъидал,**
**Килщал сородана мисри каранда.**

**Кодоб берданкагун чоде вахиндал,**
**Чвахун тIун гIодичIищ багIараб айгъир?**

**РакIалде щиб ккараб, талихI къадил вас,**
**Толеб бугин ккечIиш жакъа дуниял?!**

**Данде къанищ кIутIби, кIалкъулаб гъалбацI,**
**КIалъазе чи анищ аскIован абун?**
**Сардилъ бичулареб чарамул хвалчен**
**Хъатикьа бортанищ, тарун унаго?**

**Авлахъ батIиялъуб тIамун лъолелъул,**
**ТIаде щвезе анищ чIухIарав эмен!**
**Гъол ругъназул бица мун велъунелъул,**
**Аман аскIов анищ тIул бикьарав вац!**

**Дур би гIодоб тIураб Биюнтаялда**
**Бахъе хъазмил сурат, сверун цIар хъвазе.**
**Маргъалул черх лъураб Чачанзаялда**
**Чали меселил къай къабру сверухъе.**

**Нухъби тIад свердизе хъархъалъ течIелъул,**
**Хъвараб къадаралда разиял руго,**
**Хъурмица чIекIезе кIкIалахъ хутIичIо,**
**Хоб бухъун вукъидал, къадар Бичасул.**

**Тушманасул хIал хьун, кIветI букъулаго,**
**КъанщичIелъул берал, алхIамдулиллагь,**
**КъотIун бетIер босун, басраги гьабун,**
**Росабалъ течIелъул, шукру Бичасе,**

## ГIАШИЛТIАСА КЪУРБАНГIАЛИДЕ…

ГIашилтIаса КъурбангIали вукIун вуго 19 гIасруялъул ахиралда Шура диван-беглъун. Живго машгьурав гIалимчи вукIиналъ, гьесде аскIоре ГIашилтIа вугев мехалъго цIализе мутагIилзаби рачIунел рукIун руго. КъурбангIалида цеве цIалана ЧIанкIаги.

КъурбангIали хвараб мехалъ, гьесде хъвараб магIу ккола гьаб магIуги. Нилъехъе щварал баяназда рекъон, КъурбангIали хун вуго 1900 соналъ.

КъурбангIалиде гьабураб магIу нахъе цIунун батана Бекьилъа Жамалудиница. Гьесухъан 1915 соналъ щвараб кечI данде кколеб батана 1940 соналъ ГIашилтIаса ШугIанатихъа босаралдаги.

КъурбангIалиде хъвараб кIиябго магIуялда хадуб лъолел руго гIага-шагарго гьебго заманаялъ ЧIанкIаца хъварал цойгидал гIисинал кучIдулги. Гьеб буго ЧIанкIал хIежалде иналде цебесеб заман ва гьал кучIдуз бицунеб буго доб заманалъ ЧIанкIал букIараб рахIатхвей, гьесда гIумру бакIлъун букIин…

## КЪУРБАНГIАЛИДЕ

**Цо панаяб хIухьел дица угьани,
Гьабиладай гIайиб гIадамаз диде,
ГIалламат гъорлъ рехсон марсият хъвани,
Хъваладай квегIиса катибзабаца.
МугIрулги гIоралги гIахьал ругелъул,
ГIайиб щиб букIунеб дун кIалъаялда.
ГIаршалги курсалги цадахъ угьдидал,
Дир угьараб хIухьел цIакъ батиладай?
ГIалхуда хIинчI-хъумур къварид батидал,
ТагIзият битIана дица ГIашилтIе.
Шамай эбелалде, ГIабдуллагьиде,
РосулнакIкI лъун бугеб жамагIаталде,
Жанив чи тIагIараб мадрасаялде.
Дир шайих вукъарав шамах ракьалде
Чваххун дир магIу тIе, гьаваялъул накIкI.
Чорхол рухI бахчараб къабруялде ун,
Къвал бан, бице салам, Шамалъул гьури.
Нилъни регIиларо эсухъ гIодизе,
ГIенеккун рукIина гьецIо-цIулалъухъ.
ГIадамал угьдизе ирга щвеларо,
Шугьадаал ахIе, АхIулгохIде ун.
ГIелму, фатва буго, гьоболлъи базе
ГьечIин гIаданилан гIодилеб хутIун.
ГIакълу-тадбир буго, рагьда рещтIине
БакI щолеб гьечIилан, гьарай бачунеб.
ГIулумал сасунеб мискалъул майдан,
Мусрал жемун, жаниб бахчун рагIула.
Масъала къад балеб Къапалъул мегIер
ГIурдал чохьонибе чучун рагIула.
ГIелму жемардулеб жайхIунги къанин,
Къо лъикIилан абе "имтихIаналда".
Фатваби бурулеб балги тIун анин,
«Инналиллагь», - баче муъминзабаца.
Мун дунял тун ине дарман щиб бугеб,
ШаргIиял гIулумал гIодилелги тун.
ГIещдерил чабхилъ мун вахчун бегьилищ,
Балагьалда гьоркьоб масъалаги тун.
Матну къвакIаралъуб къеркьолеб бугъа,
Къоролльана гури ибнухIажарал.**

**Къавлу чІегІералъуб лъедолеб хутІма,
Ятимлъана гури "МагІан" МутІавал.
АхІбарал хІинкъарал дакъаикъазулъ
КъачІо дуе гъапу гъавамизаца,
ГъалбацІ чухьарлъараб чанги суралде
Цеве мун щвелалде чІел кьуна духъе.
Фикъгьиялъ къвал барав Къазил байзави,
Къоял гІемер рала мун валагьулел,
Къоязда нур балеб хІелмудул фонарь,
ХІедул чирахъ щвечІо Дагъистаналъе.
Замана гІуцІарав гІелмудул ралъад,
Лъарги мукъсанлъана, мун къаникь лъедал.
Мун жанисан араб хьиндал боялда
Хьухьилъанги тІокІаб тІад бакъ чІваладай.
Дур таламизазул тадрис къотІидал,
КъатІра тІинкІиладай тІокІаб ГІашилтІе.
Чанги мажгит бугеб, сордо борчІараб,
ЧІарбида наку чІван, кверал ботІрокь чІван.
Мадрасаби ругел, къоял рукІкІарал,
Къараб чехьалда тІад чарамги жемун.
АхІбарал хІинкъараб къазия ккани,
Къоно борхиларищ цо халгьабизе!
Къузатал гІажизал масаилазде
Росилин хабада халгьабиларищ?
ГІалимни вукІана, гІелму мукІурав,
ГІалил ирс босарав, насаб цІунарав,
МугІтамад вукІана акъамилазе
Низам-законалде каваби къалев.
Кагътил тІапаралда тІад мугьру чІвани,
ТІехьалдаса накълу къваригІунарев.
ТІубан хІукмуялда гъоркь гъулбасани,
АсахІ сахІихІалда хІажалъуларев.
ИбнухІажаралде хилиплъаниги,
Холароан къавлу, къади кІалъани.
Халкъул гІалам цолъун, инкар ккуниги,
КкечІев гурищ мекъса къаникь лъезегІан.
Инаралзабазул мажлисалдаги
Жиндир гуреб къавлу къабул гьабичІев.
Чавчавадзел калам кепалъе гьабун,
Кибхун бокьаниги, кьурун бачарав.
Биун пагьму тІураб гьинал рекІеца**

Гьорогьун ралеб куц дуца ахIкамал.
ХIикмат тIабгIлъун къураб пасихIаб мацIалъ
ГарцIал ричулеб куц масаилазул,
Мажлис берцинлъизе, калам бицине,
Кици дур тIамула гIалимзабаца.
Кагъат берцинлъизе лъолеб гIирабат,
ГIараб дур бикъула къалмил катибас.
БахIрул мухIитIалъул тIинуялдаса
ТIуллабазе керен гъваридав муфти,
ТIаде гьваялде бакъулалдаса
Къадру тIадегIанав халкъалъул къади.
Гьикъе къояздасан, къец ккун батилан,
Ватанищ мугIариз гIасруялдаго.
ТIолго гIулумазда цIехолдун вихье,
Цоцин ишкалаб бакI нахъе танищан.
ГIелмуялде къуле, накълу бугебин,
КъвакIараб бакI цIехон, хурхун вугевин.
Къосанщинав ургъун, лъе расмияб нух,
Къиблату Дагъистан къанин къанабакь.
ШаргIалде ваккулев муфтиги индал,
Авлахъ гIатIилъана гIурафаазе.
Гьанже гIалимзабаз шаргI къотIиларо,
Шулай битIун хIукму тIубалареб лъан.
ТIалибзабаз факъгьи рехун тун буго,
Тагъаррузал кьолев чи гьечIин абун.
Дуца ижаза кьун, кьурдулел васал,
Кьибил бакъванилан, къулулел руго.
Къазаъ-хIукмуялда куцаралщинал
Квер босун тунилан, турулел руго.
МутIавал гIодулин, гIаруз угьдулин,
ГIамалго гьечIебищ жаваб гьабизе!
ЖамгIул жавамигIалъ магIу лъун бугин,
Бегьиларищ, къади, къоно борхизе,
Мун ракьалда вукъун, къоял рахъани,
КъотIун ккела тадрис жавамигIалъул.
Жаниб лахIдуялъуб мун халалъани,
Хвела гури хIалтIи мутIавалалъул.

* * *

Гьанже шаргI къотIила Шураб къадияс,
КъурбангIалил бицун, магIуги бацIцIун.
Къадизаби ина имтихIаналде,

**ТагІзият борхизе окружноялде.**
**Алжанул нигІматаз жаниб цІуниги,**
**ЖужахІлъун лъугьана гьанже Гъойсубун.**
**Фирдавусил рагьу рагьананиги,**
**ЦІарго къотІун ккана гІещдерил росдал.**
**МегІер тІун анани, тІегь пасалъула,**
**Фатва-тадрасалда саву бессана.**

**Рос хвани, ячарай къороллъун тола,**
**КъватІазда хутІана мутагІилзаби.**
**МутагІилзабазул къокъаги бачІун,**
**КъулгІа чІухІиларо бакъанил гІужалъ.**
**ГІуламааздасан гІелмуги босун,**
**Росу гвангъиларо гьанже гІещдерил.**
**Бусурманал гурел, капураздаги**
**Киназдаго гІелму ашгьарав бугъа.**
**ШаргІалъул гІаксалда хІукму кканиги,**
**ХІетІе цебе кколев чи гьечІев бахІру.**
**Гьанже тІалибазе матІлуб щвеларо,**
**МутІавал цІалулеб мацІ дур бакъвайдал.**
**МутагІилзабазда гІелму лъаларо,**
**ЖамавигІ квегъулел килщал сукІидал.**
**Нахъаса лъим къараб къулгІа кинигин,**
**Диванхана тана дуца хараблъун.**
**Хаслихъ саву ккедал, тІамах гІадинан,**
**Фикъгьи гІелму буго мунан бакъвалеб.**
**Дуца дарс цІалулеб гІещдерил мажгит,**
**ГІабдулагь вугелъул, чІунтун теладай,**
**МагІдан жаниб бугеб ЖамигІул Азгьар,**
**Жанив чи чІеладай мадрасаялда.**
**ГІелмуялъул сурал сарусунаго,**
**Саламищ бачІараб гІахьалчиясул,**
**Фатваялъул каралъ квачІ кьабулаго,**
**Квер цІан вачун ана мун Аварияс.**
**Гьанже гІелмуялде буран пурабин,**
**Гьабе нафсул гІамал гІуламааца;**
**ГІалимзабазул сур салулъ лъурабин,**
**Сулукалде русса, мутагІилзаби…**

*** * ***

**Дунял теялде заман**
**ГІагарлъараб мехалда,**
**ГІурус аставкаги кьун,**
**КагІбаялде витІана.**

**Кинабго парз тIубана,**
**ТIад бугеб шаргI борхана,**
**ТIолго рахъалъ хIалхьезе**
**ХIажжул акбар босана.**

*** * ***

**ГIаламат, дуниялалъ**
**Духъе квелъ кьун тараб куц,**
**Кивехун вуссаниги,**
**Сверун данде бачIинин.**

**Анищалъул квелъалда**
**Киназдаго малги чIун,**
**Кибехун битIаниги,**
**Макъсудалда лъуна квер.**

**Рарал къанал ратила,**
**КъутIбу кодой щванилан,**
**Къиямасеб къо щвегIан,**
**РахIаталда танилан.**

**Мун жанив лъураб лахIду**
**ХIалхьун киндай лъугьана,**
**ХIабибасул варисас**
**Сардал жанир рогьиндал.**

**Бодул тадбир буссунеб**
**Сабураб кереналда,**
**Катаналъул мусраби**
**Расандулел гьечIодай.**

**ТасбихIалда куцараб**
**ПасахIатаб мацIалъул**
**ТIупун лъураб квасквасалъ**
**Кеп босулеб батила.**

**Сангаралда кIвекIараб**
**КIалкъулаб лагаялда,**
**Абадияб лъим бахъун,**
**ХъахIаб ххам бан, тIупана.**

**ТIад тараб бо чIухIараб,**
**ЧIчIалда ругьунаб гъалбацI,**
**Беразда квасквасги лъун,**
**Кафнуялде буссана.**

*** * ***

**Фагьмуян букIана рекIун унеб цIа,**
**Ишкал хурхараб бакI хараб гьабулеб,**
**Жендолеб гьороца гьорол хъал гIадин,**
**Хъвара-хъвараб суал босулеб гъалбацI,**
**Симирил цIадуца тIухьи кинигин,**
**ТIаде ккараб ишкал биунеб лачен,**
**Масъала ккун буго Дагъистаналда,**
**Дур зани кIалъаян ниж зигардулеб.**
**ХIукму бачIун буго народныялде,**
**Дур гуреб казийя къабуллъулареб.**



## ГIАРАБ МАЦIАЛДА ХЪВАРАЛ КУЧIДУЛ

Нилъеца цебеккун бицен гьабун букIахъего, ЧIанкIада лъалеб букIун буго гIараб мацI. Жиндир рахьдал мацIалда кечI хъвазе кканицин мухIканго лъазе ккола жиндирго мацI. ЧIанкIада лъикI лъалеб букIун батизе ккола гIараб мацI – гьесул гIараб мацIалда хъваралги руго кучIдул. ГIараб мацIалда ЧIанкIаца хъварал кучIдузулъ гьечIо цониги рокьул кечI. ГIемерисел гьел ккола гьудул-гьалмагълъиялде хъварал кагътал, жиндирго пикраби.

МагIарул мацIалде гьал кучIдул руссинаруна Гиничукьа МухIамад-сагIид СагIидовас.

ГIараб мацIалда хъварал кучIдузулъ дандчIвала кIиго кечI: цояб ХанмухIамадиде хъвараб, цогидаб – Дибириде.

ХанмухIамад ккола ЧIанкIал лъикIав гьудул, цадахъ цIаларав чи. ХанмухIамад Закаталаялде аравго, гьесухъе хъварал кагътазул кескал ккола нилъехъе щварал рагIабиги. ТIоцебе гьеб къватIибе бахъана 1961 соналда "БагIараб Байрахъ" газеталда.

Дибириде хъвараб кагъатги щвана нилъехъе, БакьагьечIиса Шахшаев Садрудиница нахъе цIунун батун. Садрудиница цIакъ къимат гьабулеб букIун буго ЧIанкIалги ЧIанкIал творчествоялъулги – гьал кучIдулги гIемерисел, гьес тIалаб гьабун, нахъе цIунун ратун, нилъехъе щварал руго.

### ХАНМУХIАМАДИДЕ

**ГьуинмахIлъун жиндир цIар дий бугесде,**
**Жив рехсей дир рекIей дарман бугесде,**
**Заманалда жанив надирав инсан,**
**Кьерилазул фарид, дир унтул дарман,**
**Дир чIалгIен бахъулев беразул канлъи,**
**Дир балъгудул кIани, бегIераб хвалчен,**
**Дир ракIалъул гьудул, ХанмухIумиде,**
**Гъурбаталда вугев дир гьудуласул**
**Гебегараб кагъат рещтIана дихъе.**

**Саламаллъул тIугьдул гьелъул хIуччазда**
**Гьуинал мацIазул хатIаллъун руго.**
**Жиб-жиб хIарпалдасан моцI баккун буго.**
**Нуралъ чиякълъидул накIкI бачахъулеб,**
**Гьелде валагьун, дун хIайран хутIана,**
**РакI тирхизабуна гьуинаб мацIалъ,**
**Валлагь, дир бадисан магIу чваххана,**
**Гьел гьайбатал хIуччал цIалун унаго,**
**Мун ракIалдеги щун, шавкъал пикраби**
**ЦIадул пикрулъун дилъ хьвадулел руго,**
**Нилъ аскIореги щун, ургъелал чучун,**

Киданиги, гьалмагъ, нилъер хIал хьолеб?
Халат хутIиладай нилъер ратIалъи,
Данделъун, мурадал кида тIуралел?

## ДИБИРИДЕ

Тажудинил буго, бакъгIан гвангъараб,
РекIел гьудуласде, лъай, адабалъулъ
РакIазе рухI кьолеб урхъараб салам.
Данде лъезе гьечIев фардасде калам.

Заманалъул Асеф, гIелмудул ралъад.
БахIарчилъи тIокIав ракIалъул Мурад.
Кумек хIажатасе мугъчIвалеб цили,
Нух гьечIелъуб лъолеб щулияб мали.

Дир рекIелъ цIа лъурав Дибириде дир
ХIенехIгIан боркьараб икрамалъул гьир.
Даражаби тIокIав, гIамал рекъарав,
ТIабигIат хIеренав, хIая гIемерав,
ГIелму-адабалъул гвангъараб чирахъ,
Пагьму-пикру жиндир борхараб байрахъ,
Дир рекIел цо кесек - ГIалибахIарчи,
Гьари-рахьиялде гьоркьове ваче.

Дир мацIалъ цIалулеб нужер цIар буго.
Цере тIамулелги суратал руго.
ГIелмудул рорхатал сиязде раха.
ЛъикIал гIамалазда нуж, воре, тIад чIа.

Гьелчолеб ралъадгIан, гьарзалъараб лъай,
Воре, гIолохъаби, хъантIадго кIалчIвай.
РакI битIарав гьудул, воре, кIочонге
Нужей тасбихIалда вугев рехуге.

Гьудуллъи-гьуинлъи дица цIунула,
Хабалъеги цадахъ дица босула.
Дарсал лъазе гьаре, саяхъ хьвадуге,
Берцинал мусудуз, воре, гуккуге.

Заманалъул кверал, воре, хапуге,
ЧIанда тIад бижарал гьутIби гьарщуге.
Заман, сагIат гIадин, уна, сверула,
ЛъачIого тохлъизе гьарун ратула.

* * *

**Чухьарлъана кагътил хъвай,**
**КкечIо алъул къагIида,**
**Мурад босизе кIвани,**
**КIваричIин берцинлъиго.**

* * *

**Дур тIокIаб гьунар-пагьму**
**Халкъалда лъалеб гьечIо,**
**Жеги цIакъ тIокIаздацин**
**Гьеб балъго хутIун буго.**

**Чилъиялъул мун ралъад,**
**Дур гIумру халалъаяв,**
**ХIал хъубал хIапдарулеб,**
**РакI чIегIерал турулеб.**

**Лебалазда гьоркьов мун,**
**Дие хазиналъана.**
**ХIал бихьун, лъан гурони,**
**Дица гьаб жо абичIо.**

* * *

**Цо нухалъ дур рукъор ниж дандеяъана,**
**Чияр бер тIад гьечIеб тохаб гIужалда,**
**РекIел сукIалаби ричIчIун, кIалъана,**
**Нахъасан какдана, лъикI гъвелгъведана.**

**РакIал рацIцIалъана, гьуърул чучана,**
**Сахаватаб заман гьулчун тIад чIчIана.**
**ШагIбаналъул ичIилъ хъвана гьал мухъал,**
**Араб гIумруялда килщал хIанчIана.**

* * *

**Гвангъараб моцI, унго дур камиллъи щиб,**
**Дур гьанта рекъей щиб, дур берцинлъи щиб!**

* * *

**Эбелги, дур, гьудул, хиялаз унтун,**
**Парахат - лъикI йиго, мун камун вуго.**
**Унта - щокълъун гьечIо, разиго йиго,**
**Жийго аний йиго, - ракI дуда буго.**

# Нусабго саналда сабабал рарай...

**АхӀмадзиявдинил ТӀАГЬИР**

## ЧӀАНКӀА ЧӀИКӀАВ

ЧӀикӀав мутагӀиллъун вугеб заманалда ЧӀанкӀада Пайзуласул яс Салтанатица (Зубайрил лъади) гьарун буго жинде кечӀ гьабейилан. Гьеб кечӀ гьабуралъухъ Салтанатица ЧӀанкӀае къиматаб чухъа кьунилан абула. Гьале гьеб кечӀ:

**Нусабго саналда сабабал рарай,**
**Цо хӀурулгӀин йиго хӀалае якӀлъун,**
**ХӀижазаз кваналеб чамасдакӀ гӀадай,**
**Чияр гӀадан йиго дир черхалъ йосун.**

**СагӀидияб гьумер, гьиндияб лага,**
**Гьабиларищ рокьи кьериласулгун?**
**Кьурараб гӀарацгун гӀарабияб хатӀ,**
**ГӀадаллъулев дие дару гьечӀебищ?**

**ГьитӀинго духъ ккараб бальгояб рокьи**
**Берзул анищаца щущалеб буго.**
**Щибаб сордо-къоялъ мун каранде къан,**
**Киназдаго лъазе тӀатунеб буго.**

**Боярасда кодоб кажинул сагӀат,**
**Ссудулеб каранда кьабилародай?**
**Киласул гъапуде меседил цӀумур,**
**Нижер кавуялда рекъелародай?**

**Гьиндалъул меседо, Бахул Салтанат,**
**Билкъис-Ханумида гӀамал релълъарай,**
**ГӀалил Загьраида сипат релълъарай,**
**Сурат кагьруялъул, куц минаялъул,**
**Бугьналага гӀарцул, гӀанаби гӀечул,**
**ГӀамал берцин йиго дир чорхолъ йосун.**

# Дирго ракI тIун араб тIавус бихъизе...

**БакьагьечIиса ЧIАНКIА**

**ТIАДЕ МАГIАРУХЪЕ ЯХИНЕ АНИЩ!**

**Дирго ракI тIун араб тIавус бихьизе,**
**ТIаде магIарухъе яхине анищ!**
**ТIад къотIун хъамураб хьергъу цIехезе,**
**Хундерил боязда тиризе анищ!**

**МагIарухъе унел хъахIилал накIкIал,**
**Хъван битIани, кагъат тIобитIиларищ?**
**Хунзахъе щолелъул, Шамалъул гьури,**
**ГьитIинаб сайигъат боссе кIвеларищ?**

**Маргъалул гъажазда гъаргъар бан буго,**
**Бицун хвараб рагIул хиялал гьарун.**
**БукIарабги канлъи босулеб буго,**
**Росу лъаларев дур хIисабал гьарун.**

**Унго, мутагIилав, тарайищ рехун,**
**Тушманзаби рохун, хъахIбаби релъун?**
**ТалихI кьун вохаяв, кIвелищ барщизе,**
**Гьал мацIихъабазул мурадги гьабун?**

**Гьанже мунни анин, адин дунги тун,**
**Унго рукI кин бугеб, квелъ бачIеб барти?**
**Квер босулеб бугин нижер росулъа,**
**Вуссунеб свери щиб, сабураб хьергъу?!**

**Чан росудай буго, балъго рещтIунеб,**
**Балъго чан гьабулеб гьалагаб лочнол?**
**Гьудул чандай йиго, дун гIадин тарай,**
**ГIелму гьуинлъизе гьабун рокьигун.**

**Дир бадиса унеб магIу бихьизе,**
**Хьухьикьан бецIц\улеб цIадахъ балагье.**

ЦIа рекIун, бухIулеб хIухьел халлъизе,
Хьиндал кIкIалабахъе накIкIихъ балагье.

Унго, дун магIарухъ ятарайани,
ГIаламго урхъараб хъергъу босизе!
Хундерил боялда йижарайани,
Лачен жаниб чIараб росу бихьизе!

Зодил тIавус чIвалеб чIухIараб лачен,
ЧIаго дун йикIаго, вихьиляродай?
Нижер хьиндал кIкIалахъ ахIдолеб гагу,
Гарбида къвал базе вачIинародай?

Хъван кагъат кодоб кьун, рокьиги малъун,
ЛъикI йикIаян, тана дун тайланица,
Теларилан гурищ къотIи букIараб,
Къвал щайзе чучараб, чукъаби гIемер?

Бода кьили чIвараб кьибил къулана,
Къадар гьечIев дуда дун кIалъанилан.
Къоязда нур барай дун басралъана,
Росу лъаларев духъ балагьунилан.

Месед хъванин абун, хьирин хвеларо,
Халкъул гIалам тела дица гаргалеб.
ГудратIе кканани, гъалбацIги ккола,
Ккуниги кIваричIо дун махсароде.

Зодой бахунеб чан кверде буссарав
Мусаниф тIад къотIи къварилъи гуро,
Къуръангиму хIадис, хIухь бан, гьекъарав
ГIалимчи сабаблъун суре абе дун.

Ал гIалимзабазда гIелму малъарав
ГIалимчияс гурищ рокьи малъараб?!
ГIакълу бугелщинал кверде росарав
Мусанифас гурищ балай цIаларараб?!

ГIелмуялъул цIураб керен чучидал,
Чаран-махх гурелъул, чучун ятила.
Чорхол хIал хисулел сабабал хъвайдал,
Хъазнил чугьин гуро чакаралъул гьан.

Малаикзабаца гIелмуги малъун,
Дун гIадал гьайизе вачIарав вахIю.
ХIурулгIинзабазул тIабигIатги лъан,
Дун тIаса йищарав зодил малаик.

Керен ссуданиги, сабру гьабуна,
Сабураб лочнода чи кIалъалилан.
Чорхол яхI хваниги, лъазе биччачIо,
Дун сабаблъун хъергъу хъублъилебилан.

Боржунеб хIинчI анищ, хIалкIолев Аллагь,
ХIужраялъул кIалтIа бусен гьабизе!
ХIежалъул басмалъун ятарай анищ,
Тамахал квераца кодой босизе!

МутагIилзабазул дие тушманлъи,
Тайланица тараб мажгит хьихьарал!
Росдал къадиясул дие чIегIерлъи,
ЧIухIараб лочное хIилла гьабурав!

ЮхIун дун хваниги, хIакъ гьечIин абун,
ХIадис-тафсиралда аятдай бугеб?
МахIрум гьаюнани, кири хъвалилан,
КибгIаги батундай мутагIиласда?

МагIарул гьороца гьогьомулелъул,
Дунни гьелегьана, дур  гьури чIвайдал.
Хундерил иццазул лъимги цIорораб,
Дида цIа рекIана, мун кIалъалаго.

Дагъистан урхъараб берцинлъиялъул
Дий бахараб хайир - хвезегIан ургъел.
Халкъалда рагIараб пасахIаталъул
Дие щвараб пайда - гьелегьараб цIа.

Рохьдолъ карман кколеб квелъ бачIеб барти,
Кивехун вуссундай, дун кIочон тарай?!
Дир кверде ругьунаб гьагаб итаркIо,
Гьудул лъикIай щундай, дун рехун тарай?!







Индекс годовой – ПС807
Индекс полугодовой – ПМ962



